



Gid Resous sou Sante Mantal ak Swen ki Afime Idantite Seksyél

**pou Jèn LGBTQ2IA+ yo nan Massachusetts ak
Granmoun yo Fè Konfyans**



Gid Resous sou Sante Mantal ak Swen ki Afime Idantite Seksyél

**pou Jèn LGBTQ2IA+ yo nan Massachusetts
ak Granmoun yo Fé Konfyans yo**

**Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts
Janvye 2023**



Nimewo Ijans

Anba a gen yon lis nimewo ijans nasyonal ak rejyonal nan tout eta a ak enfòmasyon kontak. Tout òganizasyon ki nan lis sa genyen yon nimewo telefòn ke ou menm oswa yon pwòch ou ki gen ijans pou sante mantal ka rele pou yo jwenn sipò. Anpil nan yo gen opsyon kominikasyon anplis ki kapab pi konfòtab pou ou, tankou tèks, mesaj tèks anliy ak apèl videyo.

NIMEWO TELEFÒN ESPESYALIZE KI DISPONIB 24/7, POU EDE MOUN LGBTQ2IA+ YO

Non Òganizasyon	Nimewo Telefòn	Lòt Enfòmasyon
Nimewo Telefòn Pou Swisid ak Kriz:	988	Kominikatè ki fòme pou kriz sa yo disponib pou bay yon sipò emosyonèl ki gratis epi konfidansyèl.
Patenarya Sante Konpòtmantal nan Massachusetts Nimewo Telefòn pou Sante Konpòtmantal:	1 (833) 773-2445	Pou triyaj klinik ak sèvis navigasyon. Sèvis disponib nan 200 lang pa telefòn, mesaj tèks, oswa diskisyon anliy: https://www.masshelpline.com .
Trevor Project -- Nimewo Telefòn pou Swisid:	1 (866) 488-7386	Kontakte yon konseye ki konprann pwoblèm LGBTQ yo, nan telefòn, mesaj tèks oswa mesaj tèks an liy: https://www.thetrevorproject.org/ .
Nimewo pou Mesaj Tèks:	START to 678-678	
Nimewo Telefòn pou Moun ki Trans:	(877) 565-8860	Se moun ki transjan ki jere sèvis sa pou moun ki Transjan. Yo ofri sipò lòt kamarad trans, lyen ak resous pou moun ki transjan: https://translifeline.org/ .
Rezo a / La Red:	(617) 742-4911	Yon òganizasyon reskape ki ap travay pou mete fen nan vyolans konjigal nan kominote LGBTQ a ap dirije: Anglè – https://www.tnlr.org/en/ ; ak Espanyòl – https://www.tnlr.org/es/ .
Nimewo Gratis:	(800) 832-1901	
TTY:	(617) 227-4911	
SafeLink nan Kay Myrna:	(877) 785-2020	Resous pou nenpòt moun ki fè eksperyans vyolans domestik. Konvèsasyon pa tèks mesaj anliy disponib tou: https://casamyrna.org/get-support/safelink/ .
Gwoup Travay Azyatik kont Vyolans Domestik:	(617) 338-2355	Kominikatè ki pale plizyè lang ofri yon sipò emosyonèl, yon entèvansyon nan kad kriz ak yon plan sekirite. Yo ofri sèvis sa yo nan 16 lang: https://www.atask.org/site/ .
Sant Pou Espwa Ak Gerizon:	(800) 542-5212	Yo ofri sèvis pou reskape anba agresyon seksyèl yo kèlkeswa idantite ou oryantasyon seksyèl yo. Yon konvèsasyon anliy disponib tou: https://chhinc.org/ .
Nimewo Telefòn Nasyonal pou Moun ki Soud Videyofòn:	(855) 812-1001	Entèvansyon nan kad kriz ki sekirize epi ki konfidansyèl pou reskape ki soud ki sibi vyolans domestik ak seksyèl. Konvèsasyon pa mesaj tèks ak imèl disponib tou: https://thedeafhotline.org/ .
Fen Vyolans Domestik Nimewo Gratis:	(617) 471-1234	Sèvis pou kad kriz ki jere pa yon pèsònèl ansanm ak benevòl ki fòme: https://www.dovema.org/get-help .

Contents

Nimewo Ijans	v
Konsènan Gid Resous sa a	1
Definisyon yo	4
Inisyasyon pou Jèn LGBTQ2IA+	10
Prezantasyon Granmoun Ou Fè Konfyans lan Ak Manm Kominote a	12
Fèy de wout pou Gid Resous la	15
Resous Sante Mantal yo pou Jèn LGBTQ2IA+	17
RESOUS NAN TOUT ETA A YO	17
RESOUS PA KONTE	26
KONTE BARNSTABLE	26
KONTE BERKSHIRE	28
KONTE BRISTOL	29
KONTE DUKES	31
KONTE ESSEX	32
KONTE FRANKLIN	34
KONTE HAMPDEN	35
KONTE HAMPSHIRE	38
KONTE MIDDLESEX	39
KONTE NANTUCKET	48
KONTE NORFOLK	49
KONTE PLYMOUTH	51
KONTE SUFFOLK	54
KONTE WORCESTER	59
REPÈTWA FOUNISÈ SANTE MANTAL	62
SWEN KI AFIME IDANTITE SEKSYÉL	65
LYEN SOSYAL	77
Fason pou w jwenn yon Swanyan nan Sante Mantal	80
KESYON AK ENKYETID KI KOURAN YO	81
Resous Anplis	84
Endèks	87

Konsènan Gid Resous sa a

Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la (AGO) kontan pou li prezante Gid Resous sou Sante Mantal ak swen ki Afime Idantite Seksyèl pou Jèn LGBTQ2IA+ nan Massachusetts ak Granmoun yo Fè Konfyans ("Gid Resous", "Gid").

AGO travay chak jou pou kreye yon espas mond kote yo trete moun ki genyen oryantasyon ou idantite seksyèl, idantite jan ak diskou diferan yo - epi patikilyèman jèn LGBTQ2IA+ -- nan yon fason ki egal pou yo genyen menm chans pou yo gen aksè ak tout sèvis disponib.

AGO konprann tou ke nou pako ap viv nan mond sa, akòz de sa, jèn LGBTQ2IA+ ap fè fas ak difikilte ki ka afekte detèminan sosyal sante yo. "Detèminan sosyal sante yo" se yon ansanm faktè ki enfliyanse sante ak byennèt, tankou sa ki koze pa faktè tankou estrès pou santiman ensekirite, lè w pa gen kote pou w rete oswa enstabilite ki koze pa izòlman sosyal, pami yo. Li enpòtan pou w rekonèt obstak ak defi reyèl jèn LGBTQ2IA+ yo ap afwonte akòz prejije ak diskriminasyon, pou w konprann kijan pou w pi byen soutni sante mantal yo ak byennèt jeneral yo.

Jèn LGBTQ2IA+ yo merite swen kiltirèl konpetan ki rekonèt reyalyte y ap konfwonte yo. Menm si Gid Resous sa genyen enfòmasyon sou rechèch terapi, gwoup sipò ak lòt sèvis oswa òganizasyon sante mantal tradisyonèl, nou te prime sa ki konsantre yo sou bezwen espesifik jèn LGBTQ2IA+ Massachusetts yo. Konsa, òganizasyon ki nan Gid sa a bay swen sante mantal ki afime oryantasyon seksyèl, idantite jan, ak ekspresyon jan, sa gen ladan l tou swen sante sou idantite seksyèl an; sèvis espesyalize pou vyolans domestik ak seksyèl; asistans lojman akabri; prevansyon ak tretman VIH; ak sèvis tretman twoub ki gen rapò ak itilizasyon sibstans.

Nou itilize akwonim LGBTQ2IA+ nan tout Gid sa a paske tout sou kominote sa yo reprezante (epi ou ka ale nan Endèks ki deyè a pou w jwenn resous ki sipòte anpil idantite ak popilasyon ou ka retwouve w la!). Sepandan ou ka wè done, òganizasyon ak resous ki fè referans a kèk pati nan akwonim lan san li pa refere ak tout. Sa a se paske yo sèvi oswa bay enfòmasyon konsènan kominote espesifik yo.

Gid sa a rekonèt tou wòl enpòtan ke granmoun jèn yo fè konfyans yo jwe kòm baton pou yo apiye w ak faktè pwoteksyon pou jèn LGBTQ2IA+ yo. Yon sèl granmoun ki aksepte yo ka fè yon diferans nan rezilta sante mantal jèn sa. Pa egzanp, granmoun jèn yo fè konfyans yo ka ede yo jwenn aksè ak sèvis ki kapab nan avantaj yo. Granmoun ke jèn yo fè konfyans yo ka jwenn enfòmasyon nan Gid sa a sou sèvis sante mantal nan kominote a pou jèn LGBTQ2IA+ yo ak sou fason pou yo navige nan sistèm swen sante a (ak oubyen san resous finansye oswa asirans). Anplis de sa, Gid la gen ladan enfòmasyon


pou granmoun ou fè konfyans – resous edikatif ak rezo kominotè pou granmoun ki ap bay sipò yo ak pwòch jèn LGBTQ2IA+ yo – pou ou ka pran swen tèt ou tou.

Gid sa a se yon twous pou kòmanse pou asire ke jèn vilnerab yo jwenn tout chans pou yo reyisi. AGO ankouraje lekòl yo, òganizasyon kominotè yo, ak minisipalite yo pou yo rann Gid Resous sa a disponib toupatou.

Avi non Responsabilite: Entegrasyon yon resous nan piblikasyon sa a se pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa enplike apwobasyon Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la. Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la pa responsab kontni oswa sèvis nenpòt nan òganizasyon oswa resous sa yo ofri.

Enfòmasyon ki enkli nan Gid Resous sa a reflete enfòmasyon piblik ki disponib nan sitwèb gouvènman an ak òganizasyon an. Enfòmasyon espesifik ki gen nan Gid Resous sa a, tankou kontak, disponiblite, kalite sèvis, pri, ak enfòmasyon sou asirans, ka chanje epi moun yo ta dwe pran mezi poukont yo pou yo verifiye si atant sou tretman yo satisfè anvan yo angaje yo. Moun yo ta dwe mande enfòmasyon sou pri yo pou evite fakti yo pa t prevwa.

Gid Resous sa a pa la pou l fè yon lis konplè tout founisè sante mantal ki konsantre sou sèvis LGBTQ2IA+. Gid Resous sa a konsantre sou òganizasyon ki espesyalize nan sipòte moun LGBTQ2IA+ yo men li pa gen founisè sante mantal prive ki espesyalize nan swen LGBTQ2IA+.



Mèsi

Biwo Pwokirè Jeneral Massachusetts la vle remèsye moun ak òganizasyon sa yo pou opinyon ak kontribisyon yo nan Gid Resous sa a:

Doktè Christopher Bellonci, Baker Center for Children and Families ak Harvard Medical School

Lopital pou Timoun nan Boston

GLAD

Massachusetts Association for Mental Health

Shaplaie Brooks, Massachusetts Commission on LGBTQ Youth

Dr. Scott Hadland, Lopital Jeneral Massachusetts ak Harvard Medical School

Massachusetts Transgender Health Coalition

Network of Care Massachusetts

Melissa Threadgill, Office of the Child Advocate

Allison Scobie-Carroll, Scobie-Carroll Therapies

Nou ta renmen remèsye tou manm estaf yo atravè plizyè divizyon nan Biwo Pwokirè Jeneral la ki te kontribiye ak ekspètiz yo nan kreyasyon, devlopman ak kontni Gid Resous sa a.

Definisyon yo¹

Aseksyèl

Pa gen atirans seksyèl menm oswa an pati. Aseksyalite egziste sou yon espèk ki gen zewo atirans seksyèl, yon ti kras atirans seksyèl, oswa atirans seksyèl ak kondisyon. Tèm “ase” a souvan itilize kòm diminitif.

Awomantik

Pa gen atirans womantik menm oswa an pati. Awomantik egziste sou yon espèk ki gen zewo atirans womantik, yon ti kras atirans womantik, oswa atirans womantik ak kondisyon. Tèm “awo” souvan itilize kòm yon diminitif.

BIPOC

Akwonim BIPOC la vle di Nwa, Endijèn ak Moun ki Pa Blan.

Biseksyèl / Panseksyèl

Yon moun ki atire pa plis pase yon sèks emosyonèlman, womantikman oswa seksyèlman, men pa nesesèman an menm tan, nan menm fason, oswa nan menm degre. Gen anpil tèm / idantite ki sanble, yo rele yo parapl Bi+.²

De-Lespri (Two-Spirit – 2 or 2S)³

Nan anpil kilti endijèn, moun ki bi-espirityèl yo se moun sèks maskilen, feminen epi menm pafwa entèseksye ki konbine aktivite de sèks yo ak karakteristik pwòp ak estati moun bi-espirityèl yo. Li okipe yon estati seksyèl distenk epi altènativ ki ekivo ak yon twazyèm oswa, nan kèk kilti, ak yon katyèm sèks.

Devwale

Pwosesis pou yon moun rekonèt oryantasyon oswa idantite seksyèl li oswa idantite jan li pou tèt li ak / oswa moun nan lavi li; yo souvan mal konsidere li tankou yon evènman ki fèt yon sèl fwa, men se yon pwosesis ki dire pou tout lavi epi pafwa li konsène chak jou.⁴

1 Sòf si gen lòt endikasyon, definisyon ki gen rapò ak kominote LGBTQ2IA+ yo soti nan “Glosè tèm yo,” Kanpay Dwa Moun (“Glossary of Terms,” Human Rights Campaign, HRC), Fondasyon HRC, konsilte nan mwa Out-Septanm 2022, <https://www.hrc.org/resources/glossary-of-terms>. Definisyon ki gen rapò ak sante mantal yo soti nan “Tip pwofesyonèl Sante Mantal,” Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal (“Types of Mental Health Professionals,” National Alliance on Mental Illness) dènye modifikasyon avril 2020, <https://www.nami.org/About-Mental-Illness/Treatments/Types-of-Mental-Health-Professionals>.

2 Sant Sante Kominotè Fenway, revizyon ak kòmantè otè a fè, 12 out 2022.

3 “Two-Spirit,” Indian Health Service, jwenn aksè nan mwa Out 2022, <https://www.ihs.gov/lgbt/health/twospirit/>.

4 “Glosè National SOGIE Center,” Sant Nasyonal pou Jèn ki gen divès kalite oryantasyon seksyèl, idantite ak ekspresyon jan (Center for Youth with Diverse Sexual Orientation, Gender Identity, and Expression, SOGIE), konsilte 13 septanm 2022, <https://www.sogiecenter.org/media/ssw/institute/sogie-center/QIC-LGBTQ2S-SOGIE-Glossary.pdf>.

DHOH	Akwonim DHOH la vle di moun ak kominote ki soud ak moun ki mal tande.
Disfori nan Idantite Seksyèl	Detrès klinikman enpòtan ki se rezilta lè sèks yo te atribye ak yon moun lè li te fèt la pa koresponn ak idantite seksyèl. ⁵ Anplis de sa yon moun ka eksperyans disfori nan jan atravè entèraksyon sosyal, kontèks sosyal, ak kondisyonman sosyal yo (pa egzanp, mete rad oswa pran kwafi ki an dezakò, demanti oswa rejte fason li wè jan an). Eksperyans sa a ka rive nan popilasyon ki pa binè, ki gen divèsite jan oswa ki transjan ⁶
Doktè Swen Primè (PCP)	PCP, ki gen ladan pedyat, ka preskri medikaman. Poutan, ou ta ka anvizaje vizite yon moun ki espesyalize nan swen sante mantal. Pwofesyonèl swen primè ak sante mantal yo ta dwe travay ansanm sou yon plan tretman.
Enfimyè Sikyatrik Pratikan	Sikyatrik oswa enfimyè pratikan sante mantal ka bay evalyasyon, dyagnostik, ak terapi pou kondisyon sante mantal oswa twoub ki lye ak itilizasyon sibstans. Nan kèk eta, yo kalifye tou pou preskri ak kontwòl medikaman yo.
Entèsèks	Yon tèm parapli ki refere a yon pòsyon nan popilasyon an (apeprè 0,5-1,7%) ki fèt ak yon varyete diferans nan karakteristik seksyèl yo ak anatomi repwodiktif yo. ⁷ Gen yon pakèt diferans ant varyasyon entèsèksyèl yo, sa gen ladan l diferans nan ògàn jenital, kwomozòm, gonad, ògàn seksyèl entèn yo, pwodiksyon òmòn, repons òmònal, ak/oswa karakteristik seksyèl segondè (pa egzanp, vwa, distribisyon cheve, ak fòm kò).
Granmoun ou fè Konfyans⁸	Yon granmoun espesifik epi fyab kote jèn yo kapab ale pou jwenn sipò epi pou yo konnen y ap pran yo oserye epi aji nan yon fason ki responsab. Karakteristik tipik yon granmoun responsab se sa yo:

5 Fenway Community Health Center, revizyon ak kòmantè otè a fè, 12 out 2022.

6 Allison Scobie-Carroll, revizyon ak kòmantè otè a fè, 12 septanm 2022.

7 "Ofri Swen Sante etik ak konpasyon pou Pasyon Entèsèks yo: Gid politik lopital la pou afimasyon entèsèks," InterACT Advocates for Youth and Lambda Legal, accessed August 2022, <https://interactadvocates.org/wp-content/uploads/2018/09/interACT-Lambda-Legal-intersex-hospital-policies.pdf>.

8 Jan Pringle, John McAteer, Ross Whitehead, Eileen Scott, Dona Milne, ak Ruth Jepson, "Devlope yon taksonomi pou karakterize Sipò Granmoun konfyans nan lavi Adolèsan yo," Journal of Adolescence, no. 76, (Oktòb 2019): 30-36, doi: [10.1016/j.adolescence.2019.08.004](https://doi.org/10.1016/j.adolescence.2019.08.004).

ou ka fè yo konfyans, aksesib, abòdab, atantif, otantik, pwotektè epi pozitif, tankou yon moun ki favorize devlopman pozitif jèn yo.

Kesyone

Yon tèm ki itilize pou dekri moun ki nan pwosesis pou yo explore oryantasyon seksyèl yo oswa idantite jan yo.

Ki pa Binè / Sèks Divès

Yon adjektif oswa deskripsyon pou yon moun ki pa idantifye sèlman kòm yon gason oswa yon fanm. Moun ki pa binè oswa divès jan ka idantifye tèt yo ni antanke gason ni antanke fanm, nan mitan de kategori sa yo, oswa kòm tonbe konplètman andeyò kategori sa yo. Pandan ke anpil nan yo idantifye tèt yo kòm transjan, se pa tout moun ki pa binè ki fè sa. Yo ka itilize tèm nonbinè a tou kòm yon tèm jenerik ki anglobe idantite tankou agender, bigender, genderqueer oswa gender-fluid.

Konseye / Klinisyen / Terapet

Pwofesyonèl swen sante nivo metriz (oswa pi wo) ki resevwa fòmasyon pou evalye sante mantal yon moun epi sèvi ak teknik terapetik ki baze sou pwogram fòmasyon espesifik. Yo opere anba yon varyete tit travay ki baze sou anviwònman tretman an. Travay ak youn nan pwofesyonèl sante mantal sa yo ka pèmèt non sèlman sentòm yo redui, men tou jwenn pi bon fason pou w panse, santi w ak viv.

LGBTQ2IA+

Akwonim LGBTQ2IA+ a refere a kominote lesbyen, Omoseksyèl, biseksyèl, transjan, queer oswa an kesyonman, de lespri (Two-Spirit), Entèseksyèl, Aseksyèl, Awomantik ak sanjan, ansanm ak tout moun ki diferan sou plan seksyèl ak divèsite seksyèl.

Madivin

Yon fanm ki atire lòt fanm nan domèn emosyonèl, amoure oswa seksyèl. Moun ki idantifye tèt yo kòm fanm ak moun ki pa binè ka itilize tèm sa a pou dekri tèt yo. Omoseksyèl Yon moun ki atire emosyonèlman, womantikman oswa seksyèlman ak yon lòt ki gen menm sèks avèl. Menmsi jeneralman yo konsidere l tankou yon tèm ki dekri gason, ni fanm ak gason ka itilize tèm sa a pou dekri tèt yo.

Nan Tranzisyon

Yon seri pwosesis kèk moun transeksyèl ka sibi pou yo viv annakò ak idantite seksyèl yo. Tranzisyon an ka gen ladan tranzisyon sosyal, tankou chanjman siyati ak non; tranzisyon medikal, ki ka genyen omoterapi oswa chiriji afimasyon seksyèl; epi tranzisyon

legal, ki ka gen ladan chanjman non legal ak sèks sou dokiman idantite yo. Moun transjan yo ka sibi kèk, tout oswa okenn nan pwosesis sa yo.

Omoseksyèl

Yon moun ki atire emosyonèman, womantikman oswa seksyèlman ak yon lòt ki gen menm sèks avèl. Menmsi jeneralman yo konsidere l tankou yon tèm ki dekri gason, ni fanm ak gason ka itilize tèm sa a pou dekri tèt yo.

Pwofilaksi apre Ekspozisyon (PEP)

Yon estrateji prevansyon VIH kote moun ki gen VIH-negatif pran medikaman pou diminye risk pou yo vin enfekte apre yon posib ekspoze. PEP ta dwe itilize sèlman nan sitiyasyon ijans epi yo dwe kòmanse nan 72 èdtan apre ekspoze a.⁹

Pwofilaksi Pre-Ekspozisyon (PrEP)

Yon estrateji prevansyon VIH kote moun ki gen VIH-negatif yo pran medikaman anti-VIH pou diminye risk pou yo vin enfekte. Yo montre ke PrEP diminye risk enfeksyon VIH siyifikativman lè yo pran li jan yo preskri li a.¹⁰

Queer¹¹

Istorikman, sa a se te yon tèm pejoratif ki te itilize pou idantifye moun ki gen divès oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak ekspresyon. Kounye a se yon tèm ke kèk moun ki gen divès oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, ak ekspresyon ap revandike epi anbrase kòm yon senbòl fyète ki reprezante tout moun ki pa nan “nòm” sèks ak oryantasyon seksyèl. Nou ta dwe remake ke li pa akseptab pou yon moun ki pa gen divès oryantasyon seksyèl, idantite jan, oswa ekspresyon yo rele yon moun “queer” sof si moun nan endike se langaj idantite prefere li.

Sikològ

Doktè ki gen lisans nan sikoloji klinik oswa yon lòt espesyalite, tankou konsèy oswa edikasyon. Yo resevwa fòmasyon pou evalye sante mantal yon moun lè l sèvi ak entèvyou klinik, evalyasyon sikolojik, ak tès. Yo ka fè dyagnostik epi fè terapi endividyèl ak

9 “PEP (Pwofilaksi apre ekspozisyon),” Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, jwenn aksè nan mwa Oktòb 2022, <https://www.cdc.gov/hiv/basics/pep.html>.

10 “Ki sa ki PrEP? PrEP Aksè ak Navigasyon,” Kowalisyon miltikiltirèl SIDA, aksè nan mwa Oktòb 2022, <https://www.mac-boston.org/services>.

11 SOGIE, “Glosè Sant Nasyonal SOGIE.”

gwoup. Gen kèk ka ki te konplete fòmasyon adisyonèl nan fòm espesifik nan terapi.

Sikyat

Doktè medikal ki gen lisans ki te konplete fòmasyon sikyatrik. Yo ka fè dyagnostik kondisyon sante mantal, preskri ak kontwole medikaman, epi bay terapi. Gen kèk ki ka te konplete fòmasyon adisyonèl nan sijè espesyalize yo.

Sipò Kanmarad / Espesyalis Kanmarad Espesyalis sa yo te viv eksperyans ak yon kondisyon sante mantal oswa twoub itilizasyon sibstans. Yo souvan resevwa fòmasyon, sètifye, ak prepare pou ede ak rekipasyon lè yo ede yon moun fikse objektif ak devlope fòs. Yo bay sipò, oryantasyon, ak konsèy.

Sisjan

Moun ki gen idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa ekspresyon ki koresponn ak karakteristik tipik ki asosye ak sèks yo genyen lè yo te fèt la. Tèm “cis” la souvan itilize kòm diminitif.

Swanyan nan Sante Mantal

Yo refere tou kòm pwofesyonèl sante mantal oswa founisè sèvis sante mantal, swanyan nan sante mantal ki ede moun yo atenn objektif rekipasyon sante mantal ak konpòtman yo. Travay ak tit yo ka varye selon kote yo ye, men swanyan nan sante mantal yo bay sèvis nan klinik sante kominotè yo, lekòl yo, pratik prive yo, lopital jeneral yo, etablisman sikyatrik yo, ak lòt anviwònman yo. Sikològ yo, konseye yo, klinisyen yo, terapet yo, ak travayè sosyal klinik yo ede moun yo pi byen konprann epi fè fas ak panse yo, santiman yo, ak konpòtman yo atravè evalyasyon ak terapi. Sikyat yo, enfimyè pratikan sikyatrik oswa sante mantal yo, doktè swen primè yo, ak enfimyè pou fanmi yo preskri epi kontwole medikaman epi yo ka ofri evalyasyon, dyagnostik ak terapi. Lòt moun ki bay swen sante mantal gen ladan sipò kanmarad sètifye (oswa tèt-a-tèt oswa espesyalis kamarad) ak travayè sosyal yo.

Swen ki Afime Idantite Seksyèl

Kreye yon anviwònman ki fasilite moun yo deplase atravè mond lan san danje ak idantite seksyèl yo rekonèt pou tèt yo a.¹²

12 “Swen ki Afime Idantite Seksyèl yo Se Swen Ki Konsidere Twomatis,” Sant Nasyonal pou Estrès Twomatik pou Timoun (“Gender-Affirming Care Is Trauma-Informed Care,” National Center for Child Traumatic Stress), konsilte nan mwa Dawout-Septanm 2022, <https://www.nctsn.org/sites/default/files/resources/fact-sheet/gender-affirming-care-is-trauma-informed-care.pdf>.

Transjan

Yon tèm parapli pou moun ki gen idantite seksyèl ak/oswa ekspresyon sèks diferan de sa ki tipikman asosye ak sèks yo te asiyen nan nesans la. Moun ki tranjan yo ka dekri idantite seksyèl yo pandan y ap itilize youn oswa plizyè tèm nan yon gran varyete, tankou (men ki pa limite ak sa sèlman) “transjan” oswa “ki pa non binè”¹³ Tèm “trans” lan souvan itilize pou diminitif.

Travayè Sosyal

Travayè sosyal yo bay jesyon ka, sèvis planifikasyon egzeyate pasyan ki etène yo, sèvis plasman, ak lòt sèvis pou sipòte yon vi ki an sante.

Travayè Sosyal Klinik

Pwofesyonèl swen sante nivo metriz ki resevwa fòmasyon pou evalye sante mantal yon moun epi sèvi ak teknik terapetik ki baze sou pwogram fòmasyon espesifik, jesyon ka, ak sèvis defans.

13 SOGIE, “Glosè Sant Nasyonal SOGIE.”

Inisyasyon pou Jèn LGBTQ2IA+

Jwenn yon founisè swen sante mantal kote ou ka santi w alèz ka mande efò ak pasyans. Lè w ap chèche swen ak sipò ki reponn ak bezwen ou yo, jwenn bon moun nan ka sanble pi difisil toujou, men li enpòtan.

Men plis toujou, ou merite fè pati yon kominote ki renmen w epi ki aksepte w pou moun ou ye a, li genyen tou founisè swen yo. Sa vle di pou yo aksepte epi ankadre w pou **tout** idantite ou posede yo: sèks ou, oryantasyon seksyèl, ras, relijyon, orijin etnik, lang, kapasite, andikap ou yo, ak tout sa ki rann ou inik.

Gid resous sa te fèt pou ou – epi granmoun ou fè konfyans pou asire sekirite ou – pou ede ou jwenn sipò. Nou itilize tèm LGBTQ2IA+ a nan tout gid resous paske li fèt pou jèn ki gen yon idantite diferan yo. Chak kominote gen pwòp bezwen yo ak yon pakèt eksperyans diferan. Men tou, sa ka rive gen done, òganizasyon ak resous ki fè referans ak kèk pati nan akwonim nan san lòt yo pa ladan l (pa egzanp, nan fè referans ak moun “LGBT” yo men nan neglije “Q2IA+” yo) paske yo sèvi pou bay enfòmasyon ak sou-an-sanm espesifik akansyèl kominote yo. Oswa, nan kèk ka, materyèl yon òganizasyon sèlman pa t adapte ankò ak chanjman lengwistik yo – men tou, li toujou bay anpil bonsèvis ak tout jèn LGBTQ2IA+ yo. Pou jwenn resous ki koresponn ak bezwen ou yo, tankou sa ki espesifik ak lang lan, kilti epi andikap, oswa resous pa tèm, ak plis toujou, konsilte endèks la nan fen gid sa.

Ou ta dwe pase plizyè apèl pou jwenn yon founisè swen sante mantal ki disponib pou resevwa ou. Gen anpil moun ki ap fè prese nan lis atant yo lè yo fè apèl ak yon founisè swen. Si ou gen posibilite pou ou enskri nan yon lis atant pou yon founisè, ale epi fè !! Pafwa, randevou yo libere pi vit pase sa, epi ou ka toujou anile yon randevou si ou jwenn yon lòt opsyon anvan sa. Pa janm bliye si ou ap travèse yon kriz sante mantal epi ou paka atann yon randevou, mande sipò nan itilize seksyon **Nimewo Ijans** lan kòmansman gid sa, nan paj v lan.

Konsèy: Nan sitiyasyon ki pa ijan yo, mande tèt ou si ou alèz pou w resevwa yon terapi pa mwayen yon vizit “telesante”, kote ou ka rankontre founisè swen sante mantal la adistans, pa egzanp pa apèl videyo. Vizit telesante yo ka bay aksè ak yon pi gwo kantite founisè swen sante, menm sa ki lwen yo tou. Si ou chwazi yon founisè swen sante mantal ki itilize telesante, ou ka panse ak kèk kote ki sekirize epi prive kote ou ap kapab pale nan tout libète.

Ou pa poukont ou: gen anpil moun pou ede ou nan pakou ou an epi kominote pou resevwa w epi respekte w pou moun ou ye a.

Kesyon pou w Poze yon moun k ap bay Swen Sante Mantal (oswa Founisè)

Anvan ou pwograme randevou ak yon founisè swen sante mantal, ou ta dwe anvizaje pou w poze kèk kesyon pou w konnen si li koresponn byen ak bezwen ou yo epi ak kategori swen w ap chèche a. Yon founisè swen sante mantal ka pwograme yon randevou akèy pou poze w kesyon epi konnen plis sou bezwen ou yo. Ou gen otorizasyon tou pou w “entèvyouwe” founisè potansyèl ou an!

Men kèk kesyon pou w anvizaje poze:

- Èske mwen bezwen konsantman paran mwen pou mwen wè ou?
- Konbyen sa ap koute?
- Kòman pou mwen peye pou sèvis la?
 - o (Si ou gen aksè ak li): Èske ou aksepte asirans maladi mwen an?
- Kisa ou di paran m yo sou bagay nou diskite yo? E konsènan lekòl mwen an?
- Èske w te travay ak lòt jèn ki... (mansyone LGBTQ2IA+, ras/kilti, oswa nenpòt lòt idantite ki parèt enpòtan pou ou)? Èske w konn travay ak lòt timoun ki nan laj mwen?
- Èske w ap respekte pwonon mwen yo?
- Èske ou disponib 24/7/365, oswa ki jan mwen ka kontakte ou nan yon ijans?
- Èske gen yon limit sou kantite sesyon oswa kantite tan mwen ka resevwa sèvis isit la?

Li itil pou w konprann ke se pa tout moun k ap bay swen sante mantal k ap satisfè chak bezwen oswa kritè. Ou ka vle bay priyorite ak kèk aspè nan pratik yon founisè ki pi byen satisfè bezwen ou yo nan lide pou w kòmanse jwenn sipò olye ke w ap tann ou jwenn match pafè a.

Pou w jwenn plis konsèy sou fason pou w jwenn yon moun ki bay swen sante mantal, ale nan paj 81 nan *Gid Resous* sa a. Si w toujou gen kesyon ak enkyetid, espesyalman sou opsyon pèman ak konfidansyalite, ale nan seksyon *Kesyon ak Enkyetid* ki Kouran yo nan paj 81.

Prezantasyon Granmoun Ou Fè Konfyans lan Ak Manm Kominote a

Si yon jèn LGBTQ2IA+ vin jwenn ou epi li eksprime yon bezwen pou sipò, yo ka idantifye w kòm yon granmoun yo ka **fe konfyans**, sitou si lòt granmoun nan antouraj yo pa kapab fè sa pou yo. Timoun ak jèn LGBTQ2IA+ yo ka gen difikilte pou yo santi yo aksepte oswa an sekirite lakay yo, epi ak rezon: rechèch montre ke jèn LGBTQ yo gen plis chans pase lòt moun ki pa LGBTQ yo pou yo te mete yo deyò lakay yo, pou yo kouri kite kay yo akòz sikonstans abizif, oswa pou yo te abandone yo.¹⁴ Pandan pandemi COVID-19 la, Kowalisyon Nasyonal Pwogram Anti-Vyolans rapòte yon ogmantasyon nan jèn LGBTQ2IA+ k ap kontakte **nimewo asistans** ak lòt pwogram kriz pou sipò emosyonèl, souvan akòz abi nan kay yo.¹⁵

Kòm yon rezilta, granmoun yo fè konfyans nan lekòl yo ak nan kominote lokal jèn yo gen yon wòl enpòtan pou jwe nan pwoteje ak ede jèn LGBTQ2IA+ yo.¹⁶ Paske jèn LGBTQ2IA+ ak fanmi yo souvan pa gen resous oswa sipò pou navige nan sa ki ka sanble tankou yon teritwa enkonni, Gid Resous sa a gen entansyon bay yon plan wout pou jèn yo ak kominote yo.

Antanke yon granmoun yo fè konfyans, jèn nan ba w yon responsablite pou kenbe yon espas an sekirite pou li. **Jèn LGBTQ2IA+ yo ta dwe jwenn sipò pou yo pran desizyon ki pi an sekirite pou yo, epi yo ta dwe kon-silte, angaje yo ak otorize yo nan tout aspè swen yo. Konsantman yo konsènan chak desizyon enpòtan. Menm si ou gen bon entansyon, pa pataje enfòmasyon sou oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl yo (“sòti” yo) san konsantman yo.** Navigasyon swen ka pi difisil pou jèn moun ki pa konnen oryantasyon seksyèl yo oswa idantite sèks yo lakay yo, lekòl la, oswa biwo doktè a, kidonk koneksyon ou ak yo ka trè byen enpòtan pou yo viv.¹⁷

Tout moun merite yon koutmen lè n ap bay lòt moun swen. Nan Gid Resous sa a w ap jwenn enfòmasyon sou resous pou ou menm ak lòt moun k ap sipòte jèn LGBTQ2IA+ yo, tankou gwoup sipò, resous

14 “Massachusetts Youth Count 2019,” Komisyon Massachusetts sou jèn ki san kay ki pa akonpaye yo, (2020): 21, https://mahomeless.org/wp-content/uploads/2014/10/images_youth_count_2019_final_report_12-19.pdf.

15 Sipòte Reskape Vyolans LGBTQ pandan Pandemi COVID-19 la: Kijan Pwogram Anti-Vyolans Ozetazini Ap Adapte,” National Coalition of Antiviolence Programs, National Advocacy for Local LGBTQ Communities, pibliye Septanm 2020, https://avp.org/wp-content/uploads/2020/09/NCAVPCOVIDReport_v2.pdf.

16 “Youth Risk Behavior Survey (YRBS) Massachusetts 2019,” Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, 2019, <https://nccd.cdc.gov/youthonline/app/Results.aspx?LID=MA>.

17 “Aksepte granmoun, diminye tantativ swisid pami jèn LGBTQ yo.” Trevor Project, pibliye an jen 2019, <https://www.thetrevorproject.org/research-briefs/accepting-adults-reduce-suicide-attempts-among-lgbtq-youth/>.

edikasyonèl ak plis ankò. **Pou jwenn yon lis resous espesifik pou bay rezo sipò jèn LGBTQ2IA+ yo fòs, gade paj 97 ak 98 nan Endèks la.**

Pandan w ap travay pou ankouraje devlopman pozitif jèn yo, li itil pou w konprann reyalyte jèn LGBTQ2IA+ yo ap fè fas ak yo ki ka afekte lavi chak jou yo ansanm ak byennèt jeneral yo. Jèn LGBTQ2IA+ fè eksperyans pi move rezilta sante mantal konpare ak omològ sisjan yo ak etewoseksyèl yo. Dapre Sondaj sou Konpòtman Risk pou jèn nan Massachusetts (YRBS) 2019 la, plis pase twa fwa plis elèv omoseksyèl, lesbyen ak biseksyèl te anvizaje seryezman pou eseye touye tèt yo konpare ak etidyan etewoseksyèl, epi kat fwa plis etidyan omoseksyèl, lesbyen ak biseksyèl te eseye swisid konpare ak etidyan etewoseksyèl yo.¹⁸ Rezilta negatif sa yo egziste pa paske yon jèn moun se LGBTQ2IA+, men paske moun LGBTQ2IA+ fè eksperyans gwo stigmatizasyon, diskriminasyon, ak patipri nan lavi chak jou yo, e sa gen yon efè negatif sou sante mantal yo.¹⁹ Menm lè swen sante mantal aksesib, kominote LGBTQ2IA+ a ka fè eksperyans yon mank de founisè swen kalifye. Anplis de sa kominote LGBTQ2IA+ a gen ladann soukominote ki gen anpil eksperyans inik ak defi ki gen rapò ak sante mantal yo, men souvan yo gwoupe yo ansanm (si yo konsidere yo). Soukominote sa yo ka fè fas ak asèlman, abi, oswa yon pi fèb kalite swen.²⁰

Pa egzanp, konpare ak jèn LGBQ, elèv transjan yo gen 1.6 fwa plis chans pou yo eseye touye tèt yo, ak prèske 40% nan jèn transjan nan Massachusetts seryezman anvizaje swisid an 2021.²¹ Jèn transjan ak jèn ki gen divèsite-seksyèl tou fè eksperyans pi wo nivo diskriminasyon, asèlman, ak abi pase omològ sisjan oswa LGBQ yo. Dapre done YRBS 2019 yo, prèske 30% elèv transjan Massachusetts yo te absan lekòl mwa anvan an paske yo te santi yo pa an sekirite, sa ki te plis pase uit fwa pousantaj jèn sisjan yo ak twa fwa pousantaj lòt jèn LGBQ yo.²² Yo gen sis fwa plis chans pou moun menase yo ak yon zam pase elèv sisjan yo.²³ Anplis de sa, 20.4% elèv transjan Massachusetts rapòte kontak seksyèl kont volonte yo, yon pousantaj kat fwa pi wo pase etidyan etewoseksyèl, sisjans yo.²⁴

Faktè risk yo souvan pi wo tou pou jèn LGBTQ2IA+ ki gen idantite nan lòt entèseksyon – pa egzanp, ras, etnisite, ak andikap. Dapre yon etid 2018, “siw an menm tan LGBQ epi andikape sa ogmante risk pou

18 “YRBS Massachusetts 2019,” CDC.

19 Mark Hatzenbuehler ak John Pachankis, “Estigmatizasyon ak Estrès Kay Minorite yo Antanke Detèminan Sante Sosyal Kay Jèn Lesbyen, Omoseksyèl, Biseksyèl ak Transjan: Done ki Pwouve Rechèch la ak Enplikasyon Klinik,” *Klinik Pedyatrik Amerik Nò* a (“Stigma and Minority Stress as Social Determinants of Health Among Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender Youth: Research Evidence and Clinical Implications,” *Pediatric Clinics of North America*)” 63, no. 6 (December 2016), 985-997. doi: 10.1016/j.pcl.2016.07.003.

20 “Identity and Cultural Dimensions: LGBTQI,” National Association on Mental Illness (NAMI), accessed January 2022, <https://www.nami.org/Your-Journey/Identity-and-Cultural-Dimensions/LGBTQI>.

21 “Massachusetts Commission on LGBTQ Youth: Report and Recommendations for Fiscal Year 2022,” Massachusetts Commission on Lesbian, Gay, Bisexual, Transgender, Queer, and Questioning Youth, published 2021, <https://www.mass.gov/annualrecommendations>.

22 “YRBS Massachusetts 2019,” CDC.

23 “YRBS Massachusetts 2019,” CDC.

24 Massachusetts Commission on LGBTQ Youth, (2021). Report and Recommendations for Fiscal Year 2022.

gen lide swisid pi wo pase youn oubyen lòt nan idantite yo poukont li.”²⁵ Anplis ogmante risk pou yo gen lide swisid, jèn ki majinalize akòz ras yo oswa etnisite yo gen plis chans pou yo souffri chòk ak detrès sikolojik.

Bay enfòmasyon sa yo, aksè a swen sante mantal pou jèn LGBTQ2IA+ ak sipò nan men granmoun ou fè konfyans yo enpòtan anpil.

Anplis de sa, aksè a swen ki afime idantite skesyèl ka gen yon enpak enpòtan sou sante sikolojik ak byennèt pou moun ki bezwen li. Swen idantite skesyèl “an jeneral fè referans ak kreye yon anviwònman ki fasilite jèn yo deplase atravè monn lan san danje nan jan yo konnen yo ye a” epi li ka fè referans ak plizyè kalite swen.²⁶ Yon etid 2022 ki te soti nan Lekòl Medsin Inivèsite Stanford te tire sou done ki soti nan pi gwo sondaj ki te fèt sou granmoun transjan Ozetazini e yo te jwenn ke moun ki te kòmanse tretman òmonal nan adolesans yo te gen mwens chans pou yo fè eksperyans gwo twoub sante mantal ak itilizasyon sibstans, oswa gen lide swisid.²⁷ Kreye yon anviwònman ki afime idantite skesyèl ka vle di tou asire w ke tout jèn ka angaje yo avèk menm opòtinite yo, tankou ladan aksè san danje nan la sal twalèt ak relasyon pozitif ak granmoun ki bay sipò.

Konsa, Gid Resous sa a fèt kòm yon twous demaraj ki gen entansyon ede granmoun ou fè konfyans, jèn LGBTQ2IA+, ak rezon sipò yo idantifye ak konekte ak resous nan kominote yo. Ak aksè a swen apwopriye, jèn LGBTQ2IA+ pa sèlman ka siviv, men yo ka pwospere, sa ki lakòz sante mantal pozitif ak rezilta emosyonèl. Ou ka jwe yon wòl nan ede jèn yo kreye yon lavi kote yo santi yo endepandan epi yo santi yo sipòte yo.²⁸

Sonje ke pou chak jèn moun ki vin jwenn ou ap chèche sipò, gen anpil chans pou anpil lòt moun pa gen yon granmoun pou fè konfyans nan lavi yo. Anvizaje chèche fason pou travay ak kòlèg ou yo pou kreye yon anviwònman ki akeyi tout moun epi defann chanjman estriktirèl pou rann li pi an sekirite pou tout jèn yo vin pwòp yo menm.²⁹

25 César Higgins Tejera, Willi Horner-Johnson, ak Elena Andresen, “Aplikasyon yon kad entèseksyon pou konprann asosyasyon andikap ak oryantasyon seksyèl ak lide swisid pami adolesan Oregon,” *Disability Health Journal* 12, no. 4 (1ye oktòb 2019), <https://doi.org/10.1016/j.dhjo.2019.05.006>.

26 “Swen ki Afime Idantite Seksyèl se swen ki konsidere chòk yo”, National Center for Child Traumatic Stress.

27 Erin Digitale, “Ou jwenn yon pi bon sante mantal nan mitan moun transjan ki te kòmanse òmòn yo nan adolesan,” Stanford Medicine News Center, 12 janvyè 2022, <https://med.stanford.edu/news/all-news/2022/01/mental-health-hormone-treatment-transgender-people.html>.

28 “Swen ki Afime Idantite Seksyèl se swen ki konsidere chòk yo”, National Center for Child Traumatic Stress.

29 “Resous pou jèn LGBT: Resous pou Edikasyon ak Administrasyon Lekòl yo,” Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, jwenn aksè nan mwa janvyè 2022, <https://www.cdc.gov/lgbthealth/youth-resources.htm#school>.

Fèy de Wout pou Gid Resous la

Gid Resous sa a konsantre dabò, premyeman sou resous ki disponib nan Massachusetts. Nou kòmanse ak resous sante mantal ki disponib atravè eta a ki nan lis la nan lòd alfabetik. Resous espesifik Konte yo vini annapre, yo òganize pa lòd alfabetik selon konte ki nan Massachusetts yo, answit alfabetik selon non òganizasyon an. Resous sa yo ofri sèvis ki bay sipò pou popilasyon LGBTQ2IA+ epi anpil idantifye tèt yo gratis oswa a pri ki ba. Pwochen seksyon an gen anyè founisè sante mantal yo, ki gen ladan opsyon pou jwenn terapeut endividyèl lè w sèvi ak filtè ki gen rapò ak bezwen ou yo. Paske AGO rekonèt ke ekspresyon sèks se yon eleman enpòtan nan sante mantal pou jèn transjan yo, yo mansyone yon lis resous atravè eta a ki ofri swen pou afimasyon-jan yo nan anyè founisè yo.

Men kèk konsèy pou w navige nan Gid la:

- Pou tout òganizasyon ki la ki bay sèvis sante mantal pou jèn LGBTQ2IA+ yo, yo bay enfòmasyon sou aksè, tankou sèvis tradiksyon, sèvis pou moun ki soud oswa moun ki tande di (DHOH), ak asistans pètinan yo ki ka disponib tou. **Lè w ap angaje ak founisè sèvis yo, tanpri konfime tout enfòmasyon sou aksè ak pri, paske yo ka chanje apre yo fin pibliye Gid sa a.**
- Nimewo telefòn fonz ak souliye yo endike nimewo asistans 24 sou 24 ak/oswa nimewo ijans pou kriz.
- Òganizasyon ki mete aksan sou konpetans kiltirèl oswa ki espesyalize nan travay ak popilasyon LGBTQ2IA+ ki se BIPOC tou, moun ki gen andikap, imigran oswa refijye, jèn ki enplike nan tribinal oswa ki nan prizon, ak lòt popilasyon, ki gen ladan soukominote nan popilasyon LGBTQ2IA+, yo ladan tou (epi yo tou òganize kòmsadwa nan Endèks nan fen Gid la).

Paske validasyon ak aksè nan kominote ki ofri lanmou ak akseptasyon pou jèn LGBTQ2IA+ yo se yon pati enpòtan nan sipòte sante mantal jèn LGBTQ2IA+ yo, Gid la gen ladan yon lis “Lyen Sosyal”. Lis sa a bay opòtinite angajman sosyal pou ankouraje devlopman pozitif pou jèn LGBTQ2IA+, ki bay espas pou konekte ak kamarad yo.

Apre lis “Lyen Sosyal” la, w ap jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn yon moun ki bay swen sante mantal. Sa gen ladann opsyon pou jèn ki ka gen aksè a asirans maladi pou kouvri depans yo epi santi yo alèz pou itilize li. Pandan ke yon granmoun ou fè konfyans ka itil lè w ap navige nan rechèch ak opsyon pèman founisè, Gid Resous la bay kèk konsèy pou ede w kòmanse. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou w jwenn asirans oswa pou w navige nan sèvis ki pa gratis oswa ki pa koute chè, tanpri gade seksyon “Kesyon ak Enkyetid ki Kouran yo” (paj 81).

Finalman “Resous Adisyonèl” ofri enfòmasyon jeneral sou byennèt mantal, idantite seksyèl, ak oryantasyon seksyèl, ansanm ak resous pou soukominote LGBTQ2IA+ (tankou atlèt transjan, moun LGBTQ2IA+ ki gen lafwa, ak moun ki ap chèche konprann kèk idantite anplis). Endèks nan fen an ede w jwenn byen vit resous espesifik pou idantite w, bezwen w kote w ye a.

Resous Sante Mantal yo pou Jèn LGBTQ2IA+

Resous Nan Tout Eta a yo

Anba a se yon lis resous sante mantal ki sipòte jèn LGBTQ2IA+ epi ki disponib atravè Massachusetts oswa nan plizyè rejyon.

ALYANS LOKITÈ PÒTIGÈ MASSACHUSETTS YO

(MASSACHUSETTS ALLIANCE OF PORTUGUESE SPEAKERS, MAPS)

MAPS travay ak kominote ki pale Pòtigè pou ogmante aksè epi retire baryè nan sante, edikasyon, ak sèvis sosyal atravè sèvis dirèk, defans, lidèchip, ak devlopman kominote a.

Zòn ki Kouvri yo:	Nan Tout Eta a
Nimewo Telefòn yo:	Brighton: (617) 787-0557 (TTY disponib tou nan nimewo sa a) Dorchester: (617) 825-5897 (TTY disponib tou nan nimewo sa a) Framingham: (508) 872-2652 Lowell: (978) 970-1250 (TTY disponib tou nan nimewo sa a) Somerville: (617) 764-2091
Sit Entènèt:	https://www.maps-inc.org
Enfòmasyon Sou Pri:	Sèvis yo bay gratis.
Adrès Biwo yo:	697 Cambridge Street, Suite 203, Brighton 1 Stoughton Street, Dorchester 24 Union Avenue, Suites 8 & 10, Framingham 490 Central Street, Lowell 92 Union Square, Somerville
Popilasyon yo Vize yo:	Brezilyen, Kap Vèdyen, Pòtigè, ak lòt kominote ki pale Pòtigè, imigran, ak moun ki gen ti revni.
Aksè Lengwistik:	Pòtigè ak Anglè.
Swen Sante Mantal:	Terapi Tanporè: Klinisyen ki konpetan sou plan lengwistik ak kiltirèl bay sèvis terapi limite epi yo ka bay koneksyon ak swen sante ak sikyat jan sa nesèsè. Yo bay terapi adistans.

Lòt Sèvis yo:	Defans Vyolans Domestik ak Agresyon Seksyèl: Entèkansyon nan kriz, planifikasyon sekirite, enfòmasyon, referans gide, defans medikal ak legal, sipò ekout aktiv, ak sèvis ki gen rapò yo.
	Resous ak Referans: Gid moun atravè yon plan rediksyon risk pèsonalize epi bay lòt resous ak referans bay lòt founisè yo.
	Depistaj MST/IST: HIV, klamidy, gonore ak epatit C.

ENSTITI RESOUS JISTIS (JUSTICE RESOURCE INSTITUTE, JRI)

JRI se youn nan pi gwo founisè sèvis moun ki pran an chaj twomatis nan Massachusetts. An menm tan Li se youn nan òganizasyon ki pi divèsifye nan plan pwogram yo, ak plis pase 100 pwogram pou satisfè bezwen moun, fanmi ak kominote ki defavorize yo. JRI itilize modalite tretman Atachman, Oto-Regilasyon, ak Konpetans, yon kad pou entèkansyon yo dwe itilize ak jèn ki ekspozé a chòk konplèks.

Gen anpil pwogram JRI yo refere nan Gid Resous la. Sèvis adomisil ak Kominotè Massachusetts ak Sèvis Konpòtmantal adomisil yo bay swen nan plizyè rejyon nan eta a, kidonk yo eksplike plis an detay nan tablo a.

Non Pwogram	Zòn ki Kouvri yo:	Sit Entènèt
Boston GLASS	Gran Boston (paj 57)	https://jri.org/services/health-and-housing/health/boston-glass
Sèvis pou Zanmi ak Fanmi Timoun yo	Cape Ann, Greater Lynn, Salem (paj 33-34), ak Gran Lawrence (paj 45)	https://jri.org/services/community/childrens-friend-and-family-services
Sèvis Konpòtmantal Adomisil	Cape & Islands, Vale Merrimack ak MetroWest, ak Sidès Massachusetts (paj 24-26)	https://jri.org/services/community/ihbs
Sèvis Adomisil ak Kominotè Massachusetts la	Cape & Islands, Gran Boston, Gran Lawrence, Holyoke (paj 37), ak Nodès ak Sidès Massachusetts (paj 24-26)	https://jri.org/services/community/ma-cbs
Sant Sante Konpòtmantal MetroWest	MetroWest (paj 44)	https://jri.org/services/behavioral-health-and-trauma/southeast-behavioral-health-center
LEVE	MetroWest (paj 40-41)	https://jri.org/services/health-and-housing/health/rise https://linktr.ee/FraminghamGLASS
Sant Sante Konpòtmantal Sidès	Sidès Massachusetts (pg. 29-30)	https://jri.org/services/behavioral-health-and-trauma/southeast-behavioral-health-center

Sant Sante Konpòtmantal ak Twomatoloji Sid Nouvèl Angletè	Kot Sid Massachusetts (paj 29)	https://jri.org/services/behavioral-health-and-trauma/snebhtc
Sant Akèy YOUunity	Gloucester (pg. 32-33)	https://jri.org/services/community/younity-drop-in-center

NIMEWO ASISTANS AMERIDYEN (NATIVE AMERICAN LIFELINES)

Nimewo Asistans Ameridyen ankouraje sante ak rezistans sosyal nan kominote amerendyen nan vil yo. Nimewo Asistans Ameridyen aplike prensip swen ki enfòm sou chòk yo pou bay swen sante mantal, swen dantè, swen sante mantal ki santre sou kilti, ak sèvis referans yo.

Zòn ki Kouvri yo	Rejyon Mid-Atlantik ak Nòdès Etazini
Nimewo Telefòn:	(857) 203-9680
Sit Entènèt:	https://nativeamericanlifelines.org/
Enfòmasyon Sou Pri:	Sèvis yo bay yo gratis.
Adrès Biwo a:	2077 Centre Street, West Roxbury
Popilasyon yo Vize yo:	Moun yo dwe yon manm nan yon tribi ki rekonèt federalman, yon manm nan yon branch fanmi leta rekonèt, yon desandan (jiska de jenerasyon) nan yon tribi ki rekonèt federalman oswa etatikman, oswa yon natif natal Alaska pou yo ka kalifye pou sèvis yo.
Swen Sante Mantal:	Sèvis Konsèy Jeneral: Konsèy endividyèl ak gwoup yo vityèl. Konsèy yo ka kouvri pwoblèm sante mantal, itilizasyon sibstans, fanmi, chagren, chòk, seksyalite, sante, tranzisyon lavi, relasyon, ak plis ankò.
Lòt Sèvis yo:	Pwogram Timoun ak Fanmi: Prevansyon swisid ak itilizasyon sibstans ak sipò atravè edikasyon sante, edikasyon kiltirèl, sipò bay gadyen yo, konsèy, ak lòt opòtinite pou jèn yo angaje yo nan kwasans pozitif.

PASAJ SEKIRIZE (SAFE PASSAGE)

Pasaj Sekirize ofri sipò pou vyolans domestik pou moun tout sèks, oryantasyon seksyèl, nenpòt estati dokiman, ak kapasite k ap rebati lavi yo apre yo fin chape anba vyolans domestik. Yon patenarya ak Sant Sante Kominotè Hilltown pèmèt Pasaj Sekirize bay sèvis pou reskape nan zòn rural yo nan Konte Hampden ak Hampshire.

Nimewo Asistans Espesifik MA:	(413)586-5066
Nimewo Gratis:	(888) 345-5282 -- Disponib Lendi-Vandredi, 9:00am-5:00pm
Zòn ki Kouvri yo:	Konte Hampden ak Konte Hampshire
Nimewo Telefòn:	(413) 586-1125
Sit Entènèt:	https://safepass.org/
Enfòmasyon Sou Pri:	Sèvis yo bay yo gratis.
Adrès Biwo a:	76 Carlon Drive, Northampton
Popilasyon yo Vize yo:	Gen ladann imigran, refijye, ak moun ki andikape ki reskape vyolans domestik ak vyolans seksyèl.
Aksè Lengwistik:	Sèvis yo disponib nan lang angle, espanyòl ak lòt lang.
Swen Sante Mantal:	Nimewo Asistans: Disponib pou moun ki nan kriz ak moun k ap chèche sipò oswa enfòmasyon. Defansè Konseye LGBTQ+: Bay planifikasyon sekirite, sipò emosyonèl, konsèy, ak referans. Gwoup Sipò: Se konseye nan pèsònèl la ki anime yo pou nenpòt moun ki te fè eksperyans abi relasyon, ki gen ladan reskape nan tout sèks. Gen kèk gwoup sipò yo ki espesyalman pou moun LGBTQ+ epi yo ka fèt nan lokal kominote yo apati de biwo Northampton.
Lòt Sèvis yo:	Abri: Anplwaye 24/7 e disponib pou tout moun tout sèks ak oryantasyon seksyèl. Asistans: Lojman, imigrasyon, legal, ak lòt sipò.

PFLAG

PFLAG se yon òganizasyon paran, fanmi, zanmi ak jèn LGBTQ+ nan tout peyi a ki ofri èd sou sijè idantite seksyèl ak idantite jan. Òganizasyon an ap chèche chanje atitid ak kreye yon anviwònman konpreyansif pou manm fanmi ak zanmi LGBTQ+ yo ka viv nan yon mond ki an sekirite epi ki enklizif. Twa chapit yo bay sipò pou jèn LGBTQ+ ak fanmi yo nan Massachusetts: Cape Cod, Gran Boston ak Franklin-Hampshire.

Nimewo Èd pou Sipò Kamarad yo:	(866) 312-5007 <i>Yon nimewo asistans ki an sekirite ak konfidansyèl ak volontè ki resevwa fòmasyon. Kite yon mesaj vokal nan nimewo sa a epi tann pou resevwa yon apèl nan yon ti tan nan men yon moun ki pare pou koute, ofri sipò, ak bay resous.</i>
Nimewo Èd pa Imel:	helpline@gbpflag.org <i>Poze kesyon oswa mande yon apèl nan telefòn volontè Helpline pa imel.</i>

Zòn ki Kouvri yo:	Cape Cod, Gran Boston, Konte Franklin ak Hampshire
Nimewo Telefòn yo:	Cape Cod: (508) 681-5383 Gran Boston: (781) 891-5966 Franklin ak Hampshire: (413) 758-0124
Sitwèb:	https://www.pflagcapecod.org/ https://www.gbpflag.org https://www.fhcflag.org/
Imel:	info@pflagcapecod.org info@gbpflag.org fhcPFLAG@gmail.com
Enfòmasyon Sou Pri:	Sèvis yo bay yo gratis.
Adrès Biwo yo:	145 University Drive #3563, Amherst First Parish UU Church, 1969 Main Street, Brewster 85 River Street, Suite 3A, Waltham
Popilasyon yo Vize yo:	Jèn LGBTQ+, fanmi yo, ak kominote yo sou sijè idantite jan ak sèks.
Swen Sante Mantal:	Gwoup Sipò yo: Espas ki ansekirite ak akeyan pou rankontre ak lòt manm kominote a ki gen moun LGBTQ+ nan lavi yo (ki gen ladann fanmi ki gen timoun ki te vin jwenn yo, zanmi, lòt moun enpòtan, oswa moun ki enterese aprann kijan pou vin yon pi bon alye LGBTQ+). Gwoup yo rankontre chak mwa oswa chak de mwa epi yo ap dirije pa volontè ki resevwa fòmasyon yo.
Lòt Sèvis yo:	Pwogram Fas a Fas (Gran Boston sèlman): PFLAG pral koresponn ou ak yon moun ki pral kontakte w (pa telefòn, imèl, tèks, oswa planifye pou rankontre an pèsòn) pou pataje eksperyans kòm yon manm nan kominote a ki te sipòte yon timoun ki gen yon idantite menm jan an. Gwoup ki Konsantre Sou Kominote a: Pou tout kominote a.

PWOGAM ABRI AK DEFANS AZYATIK NAN GWROUP TRAVAY AZYATIK KONT VYOLANS DOMESTIK (ASIAN TASK FORCE AGAINST DOMESTIC VIOLENCE, ATASK)

Swen Sante Mantal:	Yo prezante oryantasyon seksyèl ak idantite jan tankou yon sijè swen sante mantal moun kapab mande sipò pou yo epi jwenn yo mete yo an relasyon ak yon founisè ki ta dwe anmezi pou l bay swen ki kiltirèlman konpetan.
Lòt Sèvis yo:	Sèvis Referans Kolèj William James se yon sit entènèt ki baze sou byennèt mantal ki genyen resous ki la espesifikman pou adolesan. Pou plis enfòmasyon, vizite https://interface.williamjames.edu/guide/websites-especially-teens .

TANYÈ TERAPI (THERAPY DEN)

Tanyè Terapi se yon repètwa nasyonal founisè sèvis sante mantal ki ap chèche rann pi fasil rechèch yon terapet ki nan domèn jistis sosyal tankou tromatis entèjenerasyonèl ak klima politik.

Sit Entènèt:	https://www.therapyden.com/
Opsyon Filtraj yo	Espesyalite (ki gen ladan l Opresyon Kiltirèl ak Sistemik [Istwa Tromatis/ Tromatis entèjenerasyonèl, Imigrasyon / Akiltirasyon, Klima Politik], Andikap, idantite jan, Eta Sante, Idantite, Adrès, Metòd Tretman, Relasyon, [Abi, Konfli Familyal, Paran, Relasyon Ouvè epiLib] ak Vyolans ak Tromatis); Kòd postal; ak Asirans.

Swen ki Afime Idantite Seksyèl

Swen pou idantite seksyèl se swen medikal esansyèl pou moun ki gen sèks diferan, *tout moun* ta dwe gen aksè ak yo. An jiyè 2022, Massachusetts te adopte yon lwa ki garanti aksè ak sèvis swen sante ki afime idantite seksyèl (yo defini li gen ladan l “tout materyèl, tout swen ak tout sèvis ki gen karaktè medikal, konpòtmantal, sante mantal, chirijikal, sikyatrik, terapetik, dyagnostik, prevantif, reyabilitasyon oswa sipò ki gen rapò ak tretman disfori jan”) tankou yon dwa sivil ki pwoteje.³⁰ Rechèch montre aksè swen pou idantite seksyèl an amelyore rezilta sante, men tou sante mantal, epi li bay jèn diferan jan yo swen sante ki apwopriye pou ede fè prevansyon kont swisid.³¹

30 “An Act Expanding Protections for Reproductive and Gender-Affirming Care,” Lwa Jeneral Massachusetts yo (Massachusetts General Laws), Chapit 127, 29 jiyè 2022, <https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2022/Chapter127>.

31 “Gender-Affirming Care for Youth,” Trevor Projè pibliye 29 janvyè 2020, <https://www.thetrevorproject.org/research-briefs/gender-affirming-care-for-youth/>.

Malerezman moun ki transjan yo – an patikilye timoun ak granmoun ki transjan yo – ap fè fas toujou ak anpil baryè avan yo rive jwenn swen idantite seksyèl yo. Mank aksè sa a kapab gen enpak negatif sou sante medikal ak mantal.

An 2018, Kaiser Family Foundation te konstate pifò lekòl medsin yo te sèlman fè yon fòmasyon sou prevansyon ak swen pou VIH, epi yo pa t janm abòde lòt pwoblèm sante kominote LGBTQ2IA+ yo konn genyen yo.³² Mank konesans sa a gen yon enpak patikilye sou kominote transeksyèl la. Nan yon rapò Center for American Progress te pibliye an 2021, te revele gen 50% moun transjan ki gen ladan l 68% moun ki pa blan, ki sibi move tretman nan men founisè swen medikal yo, tankou refi pou yo ba yo swen ak abi vèbal oswa fizik.³³ Sa vin fè gen anpil moun transjan ki evite al pran swen medikal paske yo pè move tretman ak pou yo pa fè eksperyans disfori jan, sa ki kontinye bay pwoblèm ak enkyetid nan zafè sante.

Men tou, jan nou te mansyone sa a pi wo a nan Gid sa a, pi gran ankèt ki janm fèt bò kote granmoun ki transjan nan etazini yo montre tout moun ki te kòmanse pran tretman òmonal depi lè yo te adolesan pi fasil pou yo pa soufri gwo twoub mantal, nan lite kont pwoblèm toksikomani, oswa gen panse swisid.³⁴ Paske AGO rekonèt enpòtans swen idantite seksyèl yo ak travay sosyete a dwe kontinye fè pou l pi byen bay kominote transjan an swen ak aksè pou li jwenn swen, yo mete seksyon sa a nan Gid resous yo pou ede santre sèvis ki la deja yo, ki ap bay swen ki espesyalize epi ki eksperyante. Tout jèn oswa tout moun transjan ki ta renmen resevwa swen pou idantite seksyèl li dwe fè sa epi yo konseye yo pou yo al jwenn founisè swen sante ki eksperyante pou fè sa pou yo. Gen anpil moun k ap bay swen ki gen ekspètiz ki nesèsè pou bay moun transjan yo sipò epi fè l ak konpasyon epi swen chak moun merite a. Pou moun ki transjan yo ak moun ki gen divèsite jan yo, swen idantite seksyèl yo se swen sante mantal, epi li ka mennen nan rezilta pozitif alontèm.

W ap jwenn yon lis ki gen kèk opsyon swen medikal ki ofri manm kominote LGBTQ2IA+ la sipò oswa aksè pou yo jwenn swen idantite seksyèl anba a. Founisè swen sante yo ka bay medikaman pou bloke pibète, bay fè terapi òmonal, fè òtofooni, raze ak bay lòt fòm swen ki adapte ak swen idantite seksyèl yo. Sa ki pi enpòtan an ankò, swen idantite seksyèl yo la pou yo bay chak moun swen ki adapte kiltirèlman pandan l ap konsidere twomatis yo. Lis Resous sa yo nan lòd alfabetik.

Pou tout kesyon ki gen rapò ak konfidansyalite tretman an, otorizasyon alavans, pwoblèm pèman, ale nan seksyon Kesyon ak Enkyetid ki Kouran yo nan paj 81 la.

32 “Health and Access to Care and Coverage for Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender (LGBT) Individuals in the U.S,” Kaiser Family Foundation, pibliye 3 me 2018, <https://www.kff.org/report-section/health-and-access-to-care-and-coverage-lgbt-individuals-in-the-us-health-challenges/>.

33 Lindsay Mahowald, Mathew Brady, and Caroline Medina. “Discrimination and Experiences Among LGBTQ People in the US: 2020 Survey Results,” Center for American Progress, pibliye 21 avril 2021, <https://americanprogress.org/issues/lgbtq-rights/news/2021/04/21/498521/discrimination-experiences-amonglgbtq-people-us-2020-survey-results/>.

34 Nimerik, “yon pi bon sante mantal kay moun transjan yo ki te kòmanse pran òmon depi lè yo adolesan.”

ALYANS SANTE CAMBRIDGE, GID SÈVIS TRANSJAN YO

(CAMBRIDGE HEALTH ALLIANCE [CHA], TRANSGENDER SERVICES GUIDE)

CHA se yon rezo òganizasyon sante kominotè nan rejyon Metwo Nò Boston. CHA mete swen idantite seksyèl nan tout rezo li yo, paske li rekonèt kominote transjan an gen bezwen inik ki depase depatman swen yo. Gid Sèvis Transjan yo ede moun ki gen yon oryantasyon oswa ki ekprime jan yo nan yon fason ki diferan pou yo oryante nan sistèm CHA epi gen aksè ak sèvis ki nesèsè yo. Pou plis enfòmasyon sou sèvis sante mantal CHA ki la pou timoun ki gen yon oryantasyon seksyèl, yon idantite jan ep ki ekprime jan yo nan yon fason ki diferan, gade nan paj 45-46 la.

Zòn ki Kouvri yo:	Cambridge, Everett, Malden, Revere, Somerville, ak Winthrop
Gid Sèvis Transjan yo:	https://www.challiance.org/services-programs/primary-care/lgbtq-plus-living-well/transgender-care
Enfòmasyon Sou Pri:	CHA aksepte pifò nan prensipal asirans maladi yo, men tou Medicare, Health Safety Net ak pifò nan kategori MassHealth (Medicaid). <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> CHA bay asistans nan sa ki konsène asirans maladi. Rele nan (617) 665-1100 pou w ka antre an kontak ak Biwo Asistans Finansye a. Moun ki gen risk pou yo pran VIH yo kapab benefisye tès depistaj, konsèy, ak oryantasyon pou kèk sèvis ak tretman ki pa depann de kapasite yo pou yo peye epi yo pa dwe se pasyan CHA.
Adrès Biwo yo:	CHA genyen 30 klinik sante nan rejyon Metwo Nò Boston nan. Verifye anliy pou w ka gen enfòmasyon sou aksesiblite.
Popilasyon yo te vize yo:	Pasyan k ap resevwa swen primè nan CHA yo priyorite pou vizit nan kabinè a, après se sila k ap viv nan Cambridge, Chelsea, Everett, Malden, Revere, Somerville ak Winthrop.
Aksè Lengwistik:	Gen entèprèt pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki disponib gratis nan tout lang. Gen sèvis tradiksyon ekri gratis ki disponib nan tout lang sou demann. Kontakte ekip swen sante a pou w mande sèvis tradiksyon.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Andokrinoloji/Andokrinoloji Pedyatrik: Ede fasilite tranzisyon an gras ak òmònoterapi epi ede oryante nan chiriji pou idantite seksyèl nan CHA, nan Sant Medikal Boston, oswa kay lòt founisè si w pito sa. Klinik Swen Primè/Swen Pedyatrik: Pratik medsin famiyal ak swen primè afimatif LGBTQ+ yo chita sou swen transjan yo. Sèvis Sante Repwodiktif: Swen jinekoloji adapte pou moun ki se LGBTQ+. Depistaj ak tretman MST/IST
Sèvis VIH yo:	(617) 591-6767 <i>Cambridge ak Somerville, lendi-vandredi 9:00am – 5:00pm</i> Depistaj konfidansyèl, prevansyon, oryantasyon ak apwòch swen yo pa rapò ak plizyè disiplin, tankou swen primè, swen espesyalize, sante mantal ak sèvis sosyal yo.

BAYSTATE SANTE, PWOGRAM JAN PEDYATRIK (BAYSTATE HEALTH, PEDIATRIC GENDER PROGRAM)

Nan Pwogram Jan Pedyatrik Baystate la (ki fè pati pratik Andokrinoloji ak Dyabèt Pedyatrik li a), andokrinològ ak espesyalis sante konpòtmantal yo kolabore pou bay swen ak adolesan ki gen divès kalite sèks. Tou depan de bezwen jèn yo, gen tretman ak medikaman epi terapi òmòn ki disponib.

Nimewo Telefòn:	(413) 794-KIDS (5437)
Sit Entènèt:	https://www.baystatehealth.org/services/pediatrics/specialties/endocrinology-diabetes
Enfòmasyon Sou Pri:	Pasyan ki pa asire yo oswa ki pa fin asire yo ka ranpli yon aplikasyon pou detèmine elijibilite yo pou yo jwenn swen sante gratis oswa a pri redui. Elijibilite a varye selon pwogram nan men an jeneral li chita sou prensip federal sou povrete yo. Baystate Sante patisipe nan majorite pwogram asirans lokal yo. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Adrès Biwo yo:	Northampton ak Pittsfield
Popilasyon yo Vize yo:	Adolesan ki gen sèks diferan yo kalifye pou tretman nan Pwogram Sèks Pedyat la yon fwa yo te rive nan etap de nan pibète, yo te rankontre ak yon terapet ki espesyalize nan disfori sèks pou sis mwa, epi yo te resevwa yon lèt sipò nan men yon terapet ak sikològ ki konfime disfori sèks ak tretman rekòmande.
Aksè Lengwistik:	Yo fè entèpretasyon nan lang sa yo 24/24, 7/7: Akan, arab, bosnyak, fransè, grèk, italyen, khmer, koreyen, polonè, ris, somali, espanyòl, swahili ak vyetnamyen. Lè aprèmidi, lè swa, lè wikenn ak nan jou ferye yo, entèprèt espanyòl ki sou plas la pou l asire lyezon ak tout lòt entèprèt ak ajans entèpretasyon yo. Deaf Talk (yon sistèm odyo nan de direksyon) bay ASL la tou, ki pèmèt founisè yo pou yo pale pa mwayen yon sistèm Televizyon/vidèyo pòtab ak yon entèprèt lang siy ki pa sou sit la. Gen entèpretasyon telefonik ki disponib lè yon pasyan bezwen èd.
Swen Sante Mantal:	Referans: Terapi pou moun ak koup, sèvis pou fanmi ak paran. ak gwoup soutyen.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl: Tankou medikaman pou bloke pibète yo. Sèvis Sante Repwodiktif: Swen jinekoloji adapte pou moun ki se LGBTQ+. Tès MST/IST

ENPERATIF SANTE (HEALTH IMPERATIVES)

Enperatif Sante chèche amelyore sante, sekirite ak sekirite ekonomik moun ak fanmi nan kominote Sidès Massachusetts la nan amelyore aksè ak swen sante yo. Sipòte jèn vilnerab yo se yon pilye esansyèl nan travay li a.

Zòn ki Kouvri yo:	Kot Sid Massachusetts
Nimewo Telefòn yo:	Brockton: (508) 586-3800 Hyannis: (508) 771-8010 Nantucket: (508) 228-9189 New Bedford: (508) 984-5333 Plymouth: (508) 746-8353 Vineyard Haven: (508) 693-1208 Wareham: (508) 984-5333
Enfòmasyon Sou Pri:	Aksepté pifò nan asirans yo, men pèsòn p ap resevwa refi pou jwenn swen akòz li paka peye - yo ofri sèvis yo pou yon ti kras kòb oswa gratis. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Sit Entènèt:	https://healthimperatives.org/
Imel:	info@healthimperatives.org
Adrès Biwo yo:	Brockton (plis enfòmasyon nan paj 52), Hyannis, Nantucket (plis enfòmasyon nan paj 48), New Bedford, Plymouth (plis enfòmasyon nan paj 52), Vineyard Haven, ak Wareham (plis enfòmasyon nan paj 52)
Popilasyon yo Vize yo:	Imigran yo, jèn ki anprizone oswa ki enplike nan pwosedi jidisyè yo, ak moun ki pa gen gwo revni yo.
Swen Sante Mantal:	Sipò pou Jèn DYS: Evalyasyon sikyatrik, bilan ak swivi, ansanm ak bilan sante.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl Swen Sante Repwodiktif: Egzamen pou tout jan yo; depistaj ak tretman pou fè yon kont MST/IST; ak planin famiyal. Sèvis Swen pou VIH: Tretman ak prevansyon, ki gen ladan I aksè ak PrEP ak PEP.

LIG POU PLANIN FAMILYAL MASSACHUSETTS LA

(PLANNED PARENTHOOD LEAGUE OF MASSACHUSETTS, PPLM)

Misyon PPLM se pou l asire tout moun jwenn aksè ak gam konplè swen sante seksyèl ak repwodiktif, kèlkeswa idantite yo, kote yo rete ak moun yo renmen.

Zòn ki Kouvri yo:	Boston, Marlborough, Springfield, ak Worcester
Nimewo Telefòn:	(800) 258-4448
Sit Entènèt:	https://www.plannedparenthood.org/planned-parenthood-massachusetts/campaigns/gender-affirming-hormone-therapy

Enfòmasyon Sou Pri:	Kit yo genyen asirans kit yo pa genyen, tout moun ka benefisye sèvis sante PPLM yo. Pran anpil founisè asirans - verifye lis la anliy. Moun ki pa gen asirans yo ka benefisye yon pwogram ki jwenn sipò leta oswa yon barèm redui pou sèvis planifikasyon famiyal yo. Yo detèmine frè sèvis yo sou kantite kòb kay la rantre. Nan randevou a pote yon sètifika salè ak yon pyès idantite ki gen foto. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Adrès Biwo yo:	Boston (Allston), Marlborough, Springfield (Memorial Square), ak Worcester (Central)
Popilasyon yo Vize yo:	Yo bay yon atansyon espesyal ak nwa, otoktòn, moun ki pa blan, moun LGBTQ+ ak moun ki gen andikap yo. Sèvis òmonal pou idantite seksyèl yo disponib pou pasyan ki gen 16 lane ak plis yo. Yo egziye konsantman paran an oswa responsab la pou pasyan ki gen laj 16 ak 17 lane yo. Yo ka oryante pasyan ki gen pi piti 16 lane yo bay lòt founisè nan Massachusetts ki kapab ba yo swen.
Aksè Lengwistik:	Anglè, espanyòl ak entèpretasyon nan telefòn pou lòt lang yo.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl Modifikasyon Makè Jan yo nan Dokiman Legal yo: Asistans notarye ak lèt klinik. Sèvis VIH yo: Medikaman PrEP, tès rapid ak tretman PEP. Referans: Chiriji pou idantite seksyèl ak lòt founisè ki diplome. Sante Repwodiktif: Opsyon pou tout jan yo. Depistaj ak Tretman MST/IST

LOPITAL POU TIMOUN NAN BOSTON, SÈVIS POU JAN (BOSTON CHILDREN'S HOSPITAL [BCH], GENDER SERVICES)

Sèvis pou Jan nan (BCH) gen ladan yo sèvis sante bay sèvis sante mantal ak medikal espesyalman pou timoun ak jèn ki transeksyèl epi ki pa konfòm ak pyès jan yo. Apwòch yo gen ladan yo opòtinite pou kolabore ak ekip ki travay nan plizyè disiplin ki soti nan yon seri espesyalite, tankou travay sosyal, sikoloji, endokrinoloji, iroloji, ak lòt ankò.

Nimewo Telefòn:	(617) 355-4367
TTY:	(617) 355-6603/TTY
Sit Entènèt:	https://www.childrenshospital.org/programs/gender-services
Enfòmasyon Sou Pri:	Doktè BCH yo patisipe nan plizyè plan asirans; men patisipasyon yo nan plan sa yo pa reprezante yon garanti pèman oswa kouvèti tretman Sèvis ki an rapò ak Jan yo. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> Gen anpil Konpayi Asirans ki egziye yon rekòmandasyon oswa yon otorizasyon alavans avan yo kouvri sèvis yo. Pou plis konsèy sou fason pou w regle pèman, <i>gade seksyon Kesyon ak Enkyetid ki Kouran yo ki kòmanse nan paj 80 la.</i>
Adrès Biwo yo:	Boston (Zòn Medical Longwood)

Popilasyon yo Vize yo:	Entèsèks, transjan, ak moun ki pa konfòm ak pyès jan.
Aksè Lengwistik:	Sèvis entèpretasyon yo mete 35 lang disponib pou entèprèt yo nan lide pou ede pasyan yo ak fanmi yo. Li disponib nan lopital la pandan lè sa yo: Espanyòl (<i>lasemèn 7:00am-8:00pm, lè wikenn 8:00am-8:00pm</i>) Arab (<i>lasemèn 7:00am-5:30pm, lè wikenn 8:00am-5:30pm</i>) Gen yon entèprèt ASL ki disponib sou paj operatè a nan (617) 344-6399
Sante Konpòtmantal, Andokrinoloji, ak Iroloji:	Bay ti bebe, timoun, adolesan, ak jèn granmoun ki gen diferans oswa twoub devlopman seksyèl swen sante mantal ak swen medikal pèmanan espesyalize.
Rezo Founisè ak Edikasyon Kanmarad pou Adolesan k ap viv ak VIH nan Boston pou Sèvis:	Bay sèvis depistaj STI/STD ak swen VIH ki gen ladan l depistaj, konsèy, tretman PEP ak aksè PrEP pou jèn ki gen 13-25 lane. Pèman: Asirans lan peye tès depistaj IST yo. Sèvis swen VIH gratis: Pasyan yo dwe kontakte founisè asirans yo a pou yo ka detèmine kouvèti a.
Sèvis ki gen Plizyè Espesyalite pou Jan:	Espesyalis yo ofri konsiltasyon, evalyasyon, ak swen pou timoun ak jèn ki gen divèsite seksyèl. Yo bay sèvis sante mantal ak medikal epi yo kolabore ak lekòl, terapet, pedyat ak lòt founisè pou elabore yon plan tretman pèsonele.

LOPITAL JENERAL MASSACHUSETTS, PWOGRAM SANTE POU TRANSJAN YO (MASSACHUSETTS GENERAL HOSPITAL [MGH], TRANSGENDER HEALTH PROGRAM)

Pwogram Sante pou Transjan yo travay nan depatman medsin epi nan tout lopital MGH pou garanti yon anviwònman akeyan pou tout moun. Pwogram Sante pou Transjan yo sèvi kòm yon sant entèdisiplinè pou pasyan yo, epi konekte espesyalis yo ak rezo Mass General.

Nimewo Telefòn:	(617) 643-7210
Sit Entènèt:	https://www.massgeneral.org/transgender-health-program
Enfòmasyon Sou Pri:	Pasyan an dwe bay Nimewo Dosye Mass General Medical, kat asirans, referans (si asirans lan mande sa), ak kopèman, si sa aplikab nan chak randevou. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> Gen kèk asirans ki egziye pasyan yo pou yo gen yon rekòmansdasyon nan men PCP pou benefisye Sèvis Transgender Health Program nan. Pasyan an ap peye si gen yon rekòmandasyon ki nesesè ki pa fèt..
Adrès Biwo yo:	Boston (West End)
Popilasyon yo Vize yo:	Transeksyèl ak plizyè jan.

Aksè Lengwistik:	Lang ki Disponib sou Plas: Arab, kantonè, anglè, fransè, kreyòl fransè, italyen, khmer, mandaren, pòtigè, ris ak espanyòl. Lòt Sèvis Tradiksyon: Gen plis lang ki diponib pa mwayen entèprèt ki pa sou sit la. Yo ka mande entèprèt medikal yo avan randevou yo. Sèvis pou Pasyan ki Soud: Gen sèvis entèprèt ASL a plen tan, sèvis entèprèt ASL pou apèl lannwit ak lè wikenn, sèvis tradiksyon Communication Access an tan reyèl, sèvis entèpretasyon videyo a distans ak lòt opsyon ankò ki disponib.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Swen Primè Konplè: Tankou pedyatri. Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl: Jesyon sistèm andokrinè ak òmon. Referans: Sante Konpòtmantal ak sèvis chirijikal.

SANT MEDIKAL BOSTON, SANT SANTE POU TIMOUN AK ADOLESAN TRANSJAN (BOSTON MEDICAL CENTER [BMC], CHILD AND ADOLESCENT TRANSGENDER CENTER FOR HEALTH [CATCH])

CATCH pran responsablite pou l bay timoun ak jèn ki kouvri tout domèn jan yo sipò ak swen epi soutni fanmi yo pandan pwosesis tranzisyon an. Nan premye vizit pou yo kapab regade istwa medikal, sante mantal ak jan yo, paran ak fanmi yo rankontre ak yon ekip ki travay nan plizyè disiplin, epi yo diskite sou opsyon ki disponib pou swen idantite seksyèl yo.

Nimewo Telefòn:	(617) 414-4841
Sit Entènèt:	https://www.bmc.org/transgender-child-adolescent-center
Enfòmasyon Sou Pri:	BMC aksepte yon kantite plan asirans. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> Asistans Finansye: BMC ede moun ki pa asire yo ak sila yo ki pa fin asire yo mande yon kouvèti medikal pa mwayen yon pwogram èd piblik oswa yon pwogram èd finansye (ki gen ladan l men ki pa limite ak sa sèlman, MassHealth, the Children's Medical Security Program, the Health Safety Net, ak Medical Hardship). BMC bay pasyan ki p ap rantre anpil lajan yo, ki pa asire yo, oswa ki pa fin asire yo ki rete nan Massachusetts epi rantre yo pa depase 300% barèm povrete federal la, èd. Yon moun ki abite nan Massachusetts, kèlkeswa revni li, kapab di li gen difikilte medikal pa mwayen Health Safety Net si depans medikal otorize li yo fini ak tout ti sa l rantre nan nivo pou l pa ka peye sèvis sante yo. Pasyan ki mande yon èd finansye yo dwe ranpli fòmilè konfidansyèl pwogram èd finansye a ki disponib an anglè, an kreyòl kapvèdyen, an kreyòl ayisyen, an pòtigè ak an espanyòl.
Adrès Biwo yo:	Boston (South End)
Popilasyon yo te vize yo:	Timoun, adolesan, jèn granmoun, kèlkeswa jan yo.
Aksè Lengwistik:	Sèvis entèpretasyon medikal pwofesyonèl disponib nan 16 lang 24/24, 7/7.

Swen Sante Mantal:	Sipò terapi pèsònèl ak koneksyon ak resous kominotè yo.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmonoterapi pou Idantite Seksyèl Referans: Kowòdinasyon swen ak lòt sèvis medsin transjan nan BMC, ni pou fòmasyon vokal oswa sèvis chirijikal tou. Sipò Kominotè: Edikasyon paran yo ak sipò pou fanmi yo.

SANT MEDIKAL TUFTS (TUFTS MEDICAL CENTER)

Klinisyen ki nan Sant medikal Tufts yo bay swen ki santre sou pasyan pandan yo ap ofri pasyan yo, anplwaye yo ak manm fanmi ki kominote LGBTQ a yon anviwònman pozitif. LGBTQ Health bay anpil founisè meday paske yo bay swen klinik espesifik pou pasyan LGBTQ yo.

Zòn ki Kouvri yo:	Boston, Brockton, Framingham, Lawrence, Lowell, Norfolk, Quincy, ak Wellesley
Nimewo Telefòn:	(617) 636-5000
Sit Entènèt:	https://www.tuftsmedicalcenter.org/patient-care-services/Departments-and-Services/LGBTQ-Health/Overview
Enfòmasyon Sou Pri:	Aksepte plizyè plan asirans maladi tankou: Aetna, Blue Cross Blue Shield, BMC Healthnet, Cigna, Commonwealth Care Alliance, Community Health Options, Coventry, Fallon Health, Harvard Pilgrim Health Care, Health New England, MassHealth, Medicare, Neighborhood Health Plan, Oxford Health Plans, Tricare, Tufts Health Plans, Unicare, United Health care, Veterans Health Administration, ak plizyè lòt. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Adrès Biwo yo:	Boston (Dorchester)
Popilasyon yo Vize yo:	Pasyan LGBTQ ak manm fanmi yo.
Swen Sante Mantal:	Swen Sante Mantal: Santre sou LGBTQ. Evalyasyon Sikolojik ak Sikatrik
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmonoterapi pou Idantite Seksyèl Sèvis Swen Sante yo: Pwogram swen klinik konplè ki gen plizyè disiplin pou jèn ki transjan ak jèn ki jan laj. Sante Repwodiktif: Swen Trans-affirming.
Lòt Sèvis yo:	Sèvis VIH yo: Tretman PrEP ak PEP, konsèy, swen ak sèvis. Depistaj ak Tretman MST/IST Sèvis Rediksyon Risk ki Gen Rapò ak Twoub Toksikomani

SANT SANTE KOMINOTÈ EDWARD M. KENNEDY (EDWARD M. KENNEDY COMMUNITY HEALTH CENTER)

Sant Sante Kominotè Edward M. Kennedy r ap chèche pou chak moun jwen aksè ak bon jan swen sante epi ki gen konpasyon. Pèsonèl la byen fòme pou ede moun trans ak LGB/Q+ ak bezwen yo epi ba yo sèvis ni pou sante mantal ni pou sante medikal.

Nimewo Telefòn:	(800) 853-2288
Sit Entènèt:	https://www.kennedychc.org/services/lgbtq
Enfòmasyon Sou Pri:	Yo aksepte asirans prive MassHealth, Medicaid, ak self-pay pou sèvis yo, epi si pou nenpòt rezon an yo pa ka jwenn asirans lan, gen yon tarif varyab ki disponib. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> Bay asistans nan sa ki konsène asirans maladi.
Adrès Biwo yo:	Framingham, Milford ak Worcester (Kote Sid)
Popilasyon yo Vize yo:	Founisè sante konpòtmantal yo wè sèlman pasyan k ap resevwa swen nan Sant Sante Kominotè Edward M. Kennedy.
Aksè Lengwistik:	Pèsonèl la bay swen nan 34 lang epi li gen yon pwogram entèpretasyon.
Swen Sante Mantal:	Sante Konpòtmantal: Gen yon lis founisè ki idantifye tèt yo kòm moun ki gen konesans ak ekperyans nan LGBTQIA+ ki disponib nan lyen yo bay anlè a.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl: Suivi ak oryantasyon nan chirji pou idantite seksyèl. Sèvis ak Swen ki an Rapò ak VIH: Sa gen ladan l depistaj ak aksè pou PEP ak PrEP. Pwogram Tretman Asiste pa Mwayen Medikaman (Medication-Assisted Treatment, MAT): Sèvis tretman pou Toksikomani. Tès MST/IST

SANT SANTE KOMINOTÈ FENWAY, KLINIK POU JÈN TRANSJAN YO (FENWAY COMMUNITY HEALTH CENTER, TRANSGENDER YOUTH CLINICS)

Sant Sante Kominotè Fenway bay swen sante, sèvis sipò, ak edikasyon ki santre sou moun LGBTQIA+, moun BIPOC, ak lòt kominote ki defavorize yo. Yo konsidere swen medikal pou idantite seksyèl yo kòm yon pati nan swen primè yo, ansanm ak medikaman pou bloke pibète yo ak tretman òmònal yo tou. Founisè Fenway Health travay ansanm ak pasyan yo ak fanmi yo pou atenn objektik espesifik yo epi tabli plan swen pèsonalize a, ki se yon pati inik nan pwogram nan. Gade tou Sant Sante Sidney Borum Jr. nan paj 56-57 la.

Nimewo Telefòn:	(857) 347-5349
Sante Konpòtmantal:	(617) 927-6202
Tout Lè Aksè yo:	(857) 313-6589

Sit Entènèt:	https://fenwayhealth.org/care/medical/transgender-health/youth/
Imel:	transyouth@fenwayhealth.org
Enfòmasyon Sou Pri:	Aksepte majorite plan sante majè yo, tankou MassHealth. Men li pwobab pou nouvo pasyan ki gen MassHealth yo chanje PCP yo a an Sant Sante Kominotè Fenway. Yo pa refize pèsounn swen dapre kapasite l pou l peye. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i> Sant Sante Kominotè Fenway bay asistans nan sa ki konsène asirans maladi tou.
Adrès Biwo yo:	Boston (Back Bay, Chinatown, ak Fenway)
Popilasyon yo Vize yo:	Pasyan transjan, non binè ak divès lòt jan. Sit Ansin Building ak Fenway ap resevwa nan medsin famiyal pasyan ki gen tout laj. Borum Center resevwa sèlman pasyan ki gen 12-29 lane.
Aksè Lengwistik:	Sant Sante Kominotè Fenway ofri entèpretasyon lang gratis Gen aksè dirèk nan telefòn pou jwenn yon entèprèt ki disponib an: Albanè, arab, kantonè, kreyòl kapvèdyen, fransè, grèk, kreyòl ayisyen, endi, italyen, khmer, koreyen, mandaren, pòtigè, ris, somali, panyòl ak vyetnamyen. Pou w jwenn lòt lang, mande manm pèsounèl yo èd.
Swen Sante Mantal:	Terapi: Tretman pa epizòd pou pasyan ki gen 12 lane ak pi plis. Rele pou w ka mande konbyen tan ou dwe tann pou w ka kòmanse yon tretman epi mande ki sèvis ki ap bon pou ou.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl: Li fonksyone sou baz konsantman yo enfòmè, ki gen ladan l konvèsasyon ant founisè ak pasyan yo, diskite objektif idantite seksyèl an, pran desizyon ansanm epi jere pwoblèm medikal oswa konpòtmantal pou tout pasyan trans epi ki gen divès jan.
Lòt Sèvis yo:	Tout Lè Aksè yo: Tout moun ki gen kesyon oswa ki ta renmen gen plis enfòmasyon sou Pwogram Trans Health la gen aksè ak yon randevou 20 minit gratis ak yon defansè pasyan.

TAPISRI SANTE (TAPESTRY HEALTH)

Tapisri Sante foki sou kesyon sante ki gen enpak sou kominote a, tankou diferans ki pa jis nan zafè sante ki fè gen baryè pou gen aksè ak swen sante. Se sa k fè tout moun ka benefisye sèvis sa yo kèlkeswa laj yo, ras yo, sèks yo, oryantasyon seksyèl yo, revni yo, oswa estati imigrasyon yo.

Zòn ki Kouvri yo:	Berkshire, Franklin, Hampden, ak konte Hampshire yo.
Nimewo Telefòn:	Greenfield: (413) 773-5403 (<i>fèmen jou madi ak jou jedi</i>) Holyoke: (413) 536-8777 (<i>fèmen jou jedi</i>) North Adams: (413) 662-5258 (<i>sèlman jou mèkredi, 1:00pm-6:00pm</i>) Northampton: (413) 586-2539 Pittsfield: (413) 443-2844 Springfield: (413) 733-6639

Sit Entènèt:	https://www.tapestryhealth.org/
Enfòmasyon Sou Pri:	MassHealth Standard ak lòt asirans yo aksepte. Ofri sèvis ak pri redui pou moun ki pa genyen oswa ki pa kapab itilize asirans maladi san danje pou yo ka gen aksè ak swen. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Adrès Biwo yo:	Greenfield, Holyoke, North Adams, Northampton, Pittsfield, ak Springfield (Metro Center)
Popilasyon yo Vize yo:	Kominote LGBTQ+, moun ki pa gen gwo rantre ak refijye/imigran.
Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl Prevansyon VIH: Medikaman PrEP. Depistaj ak Tretman MST/IST Redui Domaj ki gen Rapò ak Twoub Toksikomani: Pwogram echanj egwi ak aksè a sereng epi ak eliminasyon dechè, prevansyon kont ovèdoz, oryantasyon nan tretman kont dwòg ak swen medikal.

TRANSHEALTH NORTHAMPTON

Transhealth Northampton se yon òganizasyon moun ki transjan yo ap dirije kote gen yon ekip ak kè nan men ki ap ofri swen pou sipòte granmoun, timoun, ak fanmi transjan, non-binè, ak moun ki gen divèsite jan. Òganizasyon an konsantre l sou rechèch, swen epi defans enterè pou elaji posiblite pou kominote a jwenn swen sante.

Nimewo Telefòn:	(413) 341-9400
Sit Entènèt:	https://transhealth.org/
Imel:	info@transhealth.org
Enfòmasyon Sou Pri:	Transhealth Northampton aksepte yon kantite plan asirans. Men patisipasyon nan plan sa yo pa garanti Transhealth Northampton pral aksepte chak pwodui. <i>Anvan ou resevwa nenpòt sèvis la nan men yon òganizasyon, verifye si ou byen konprann pri sèvis yo pou ou ka evite tout fakti sipriz.</i>
Adrès Biwo yo:	Northampton
Popilasyon yo vize yo:	Moun ki gen tout laj ki transeksyèl, ki gen divèsite jan (non binè, queer, ki pa konfòm ak pyès jan), moun ki an kesyonman ak moun k ap eksplòre jan yo, ak nenpòt lòt moun idantite jan yo tounen yon baryè ki anpeche yo jwenn aksè ak bon jan kalite swen sante.
Swen Sante Mantal:	Sèvis Kowòdinasyon Swen Sèvis Sikatri: Preskripsyon medikaman. Terapi: Gen yon terapi a koutèm (douz seyans) ki disponib sou randevou ansanm ak yon asistans ki disponib pou oryante pasyan yo kot yon founisè ki fè terapi alontèm. Yo pwopoze terapi pou koup, pou fanmi, pou Desansibilizasyon ak Retretman pa mwayen Mouvmant Je (Eye Movement Desensitization and Reprocessing, EMDR), ak terapi pou tromatis tou. Se yon PCP Transhealth ak yon sikatri ki bay preskripsyon ki dwe bay rekòmandasyon yo.

Swen pou Idantite Seksyèl:	Òmònoterapi pou Idantite Seksyèl: Inisye, preskri, ak kontwole rejim òmòn yo pou atenn objektif pèsònèl yo. Sèvis Swen Sante yo: Swen primè ak gam konplè.
-------------------------------	---

PLIS SÈVIS SWEN POU IDANTITE SEKSYÈL

Yo mete lòt Sèvis swen idantite seksyèl yo bay yo nan lòt seksyon nan Gid Resous la. Sèvis sa yo ka soutni tranzisyon an lè yo bay evalyasyon ak lèt pou tranzisyon an epi ede nan yon lòt fason pou rive nan pwosesis jan yo.

Òganizasyon - Program	Zòn ki Kouvri a (yo)	Nimewo Paj (yo)
Alyans Sante Cambridge – <i>Klinik Jan ak Seksyalite</i>	Metwo Nò Boston	45-46
Enstiti Resous Jistis – <i>LEVE</i>	MetroWest	40-41
Pwojè Otonomizasyon	Konte Hampden	36
Sant Sante Kominotè Fenway – <i>Sidney Borum Jr. Health Center</i>	Boston	56-57
Tradui Jan ou	Northampton	38

Lyen Sosyal

Anplis sipò sante mantal nan men yon pwofesyonèl, lyen sosyal pou konpreyansyon kamarad yo ka gen anpil valè tou. Gwoup jèn LGBTQ2IA+ bay yon anviwònman akeyan kote jèn yo ka konprann yo pa poukont yo; kote yo ka santi lòt moun ba yo valè akòz eksperyans yo; epi kote yo ka jwenn yon kominote kote yo renmen yo ak aksepte yo pou sa yo ye a. Byenke lyen sosyal la pa objektif prensipal nan Gid Resous sa a, li enpòtan pou rekonèt wòl kominote a nan kontribisyon nan rezilta pozitif sante mantal yo.

Pou kòmanse, ou ka vle verifiye pou wè si lekòl ou a gen yon Gender Sexuality Alliance (GSA) pou konekte ak lòt elèv nan lekòl ou a. Vizite <https://gsanetwork.org/> pou wè si lekòl ou a deja gen yon GSA ki anrejistre oswa ki aktif. Kounye a si lekòl ou a pa gen yon GSA, ou gendwa vle kreye youn. Kontakte yon konseye eskolè oswa yon pwofesè epi mande l kijan pou w kreye yon nouvo gwoup pou elèv.

Anplis de sa, pi ba a se yon lis gwoup jèn nan Massachusetts ki ap chèche kreye espas ki destine pou jèn LGBTQ2IA+ ekspri pwòp pèsònalite yo epi ankouraje yo aksepte epi konekte ak kominote a. Kèk nan òganizasyon sa yo òganize gwoup sipò chak semèn ki santre sou kèk idantite, epitou gen lòt ki bay sant akèy oswa espas rasanbleman pou moun LGBTQ2IA+ ki gen plizyè relijyon oswa òganize lòt aktivite tankou teyat kominotè ak sware jwèt sosyete. Resous sa yo òganize nan lòd alfabetik selon adrès yo.

Kote	Òganizasyon	Sit entènèt / Referans
Andover	Vale Merrimack AGLY (McVAGLY)	https://www.facebook.com/McVagly/
Boston	Boston AGLY (BAGLY)	https://www.bagly.org
Boston	Boston GLASS	https://jri.org/services/health-and-housing/health/boston-glass
Boston	COMPASS (moun yo te bay sèks feminen lè yo te fèt men ki idantifye tèt yo ak yon lòt sèks)	https://www.compassftm.org/index.html
Boston	Kongregasyon Am Tikva (kominote LGBTQ ki gen lafwa Jwif)	https://www.amtikva.org/
Boston	Dignity Boston (kominote LGBTQ ki gen lafwa katolik)	https://www.dignityboston.org/
Boston	Gran Boston PFLAG	https://www.gbpflag.org
Boston	Keshet (kominote BIPOC LGBTQ ki gen lafwa Jwif)	https://www.keshetonline.org/
Boston	Teyat pou Jèn DEWALE Vrè Koulè yo	https://www.thetheateroffensive.org/true-colors-out-youth-theater
Brockton	Brockton AGLY (BrAGLY)	https://www.healthimperatives.org/lgbtq-support-bragly/
Cambridge	Jenès an Penpan	https://aac.org/youth-on-fire/
Cape Cod	Cape Cod PFLAG	https://www.pflagcapecod.org/
Fall River	Rezo Kòt Sid LGBTQ	https://www.sclgbtqnetwork.org/
Fitchburg	Kay San Danje	https://www.safehomesma.org/north/services.html
Framingham	Framingham GLASS	https://www.linktr.ee/FraminghamGLASS
Framingham	DEWALE MetroWest	https://www.outmetrowest.org/
Franklin Konte	Franklin-Hampshire PFLAG	https://www.fhcpflag.org/
Greenfield	Jenerasyon Q	https://www.communityaction.us/generation-q
Hampshire Konte	Franklin-Hampshire PFLAG	https://www.fhcpflag.org/
Holyoke	House of Colors	https://www.facebook.com/HouseOfColorsPV/
Hyannis	Alyans Jèn Omoseksyèl ak Etewoseksyèl Cape & Islands yo (CIGSYA)	https://www.cigsya.org
New Bedford	Rezo Kòt Sid LGBTQ	https://www.sclgbtqnetwork.org/
New Bedford	Kòt Sid AGLY (SOCO-AGLY)	https://www.sclgbtqnetwork.org/a-perfect-place.html

Northampton	Jenerasyon Q	https://www.communityaction.us/generation-q
Pittsfield	Gwoup Jèn Live Out Loud	https://www.facebook.com/lolyp18degrees/
Salem	North Shore AGLY (NAGLY)	https://www.nagly.org/
Springfield	Devwale Kounye a	https://www.outnowyouth.org/
Worcester	Renmen Etikèt Ou yo	https://www.loveyourlabels.org/
Worcester	Kay San Danje	http://safehomesma.org/
Worcester	Patizan Jèn Omosesyèl ak Lesbyèn (SwAGLY)	https://www.facebook.com/AGLYWorcester/
Nan Tout Eta a	Alyans sou Jan ak Omosesyèl nan Massachusetts	https://www.doe.mass.edu/sfs/lgbtq/GSALcouncil.html
Sou Entènèt	Enstiti Kansè Dana-Farber - <i>Gwoup Sipò PRISM</i>	https://www.dana-farber.org/for-patients-and-families/becoming-a-patient/patient-safety-and-advocacy/lgbtq-patient-care-and-support/
Sou Entènèt	Trevor Space (Trevor Project)	https://www.trevorspace.org/

Fason pou w jwenn yon Swanyan nan Sante Mantal

Gen diferan kalite pwofesyonèl sante mantal ki ka travay avèk ou pou afwonte pwoblèm sante mantal ou yo. Kèk swayan nan sante mantal, tankou **sikològ yo** ak **travayè sosyal ki diplome yo**, ka fè terapi atravè lapawòl oswa konsèy. Anplis de sa, gen kèk kondisyon sante mantal ki ka trete ak medikaman, yon **pedyat, sikyat oswa doktè fanmi an** preskri w.

Seksyon sa eksplike kòman pou jwenn yon founisè swen sante mantal ak eleman pou konsidere nan rechèch sa a. Granmoun ou fè konfyans yo dwe sonje navigasyon pou jwenn swen sa a ka pi difisil pou jèn yo ki pa pale lib e libè de oryantasyon sèksyèl yo oswa de idantite jan yo lakay li, nan lekòl li oswa kay doktè li. Sa a se paske swen sante jèn yo ak aksè ak asirans souvan mande konsantman oswa patisipasyon paran yo. Jèn yo dwe jwenn sipò granmoun yo fè konfyans yo pou yo pran desizyon ki san danje pou tèt yo. Opsyon ki anba yo pa yon gid etap pa etap men pito se diferan fason pou gen aksè ak swen.

JWENN KI RESOUS KI DISPONIB NAN LEKÒL LA

Kòmanse la si ou santi w an sekirite pou mande èd nan lekòl. Konseyè lekòl yo ak sikològ yo ka pale sou sitiyasyon an, tankou ki kalite èd ki ka apwopriye epi èske li disponib nan lekòl la. Yo ka bay resous yo nan kominote a, Si sa nesesè.

KONTAKTE YON PEDYAT OSWA YON DOKTÈ FANMI

Yon doktè yo fè konfyans ak yon founisè swen sante ka diskite opsyon potansyèl yo an fonksyon sitiyasyon an, tankou bay referans yon founisè swen sante mantal.

CHÈCHE RESOUS NAN KOMINOTE LOKAL OU A OSWA ITILIZE SILA YO SITE NAN GID SA A

Pafwa òganizasyon lokal yo konn gen aksè ak sante mantal yo. Se pou w atantif ak evènman sant kominotè lokal yo òganize yo, òganizasyon jenès yo, bibliyotèk piblik yo oswa lòt antite lokal yo ki ka òganize aktivite oswa ki ka gen resous pou soutni popilasyon LGBTQ2IA+. Òganizasyon evènman, aktivite ak resous sa yo ka konekte jèn yo oswa granmoun yo fè konfyans ak founisè sante mantal ki bay sipò yo nan kominote a.

SÈVI AK SEKSYON “REPÈTWA FOUNISÈ SANTE MANTAL” KI NAN GID RESOUS SA A

Seksyon “Repètwa Founisè sèvis Sante Mantal” ki kòmanse nan paj 62 la ofri opòtinite pou chèche tera-
pet, konseye, travayè sosyal, sikyat, ak lòt moun k ap bay swen sante mantal lè l sèvi avèk zouti depistaj

ki pèmèt ou jwenn yon moun ki koresponn ak bezwen w yo. Zouti sa yo ka ede w idantifye founisè ki aksesib yo nan zòn ou an pi rapid. Chèche nan plizyè repètwa ka ba w kontak yon kantite moun ki bay swen sante mantal.

SI LI AKSESIB, KONTAKTE KONPAYI ASIRANS MALADI W LA

Sèvi ak nimewo sèvis kliyantèl plan asirans maladi ou a, w ap jwenn li sou kat asirans maladi ou a oswa sou sit entènèt plan asirans maladi a. Konpayi asirans lan ap bay yon lis moun k ap bay swen sante mantal k ap pran nouvo pasyan, epi ou ka mande kalite sèvis ki enterese w la. Ka gen yon opsyon pou itilize repètwa plan sante a sou entènèt pou chèche founisè sèvis sante mantal, tankou travayè sosyal ak sikològ ki endike yo espesyalize yo nan travay ak jèn LGBTQ2IA+.

Kesyon ak Enkyetid ki Kouran yo

PWOBLÈM KONSANTMAN: TRÈTMAN SAN SIPÒ YON PARAN OSWA YON RESPONSAB

Jere pwoblèm sante mantal epi jwenn yon tretman ki apwopriye ka difisil, epi ou ta dwe enplike yon paran oswa yon responsab pou ede w si posib. Si yon paran oswa yon responsab pa ka enplike pou yon rezon kèlkonk, moun k ap bay swen sante mantal nan Massachusetts yo ka toujou kapab bay yon tretman san konsantman paran yo nan kèk sikonstans. Si yo dwe bay swen san konsantman paran yo, mande yon moun ki bay swen sante mantal oswa yon granmoun ou fè konfyans pou ede ou swiv pwosesis sa a.

Lwa Massachusetts yo pèmèt moun yo kenbe vi prive yo nan yon plan swen sante si yo kwè pataje enfòmasyon sou swen yo ka mete yo an danje.³⁵ Sa a se yon enfòmasyon enpòtan espesyalman pou moun ki bezwen swen medikal oswa sante mantal ki gen enkyetid konsènan konfidansyalite lè y ap resevwa tretman. Ou ka di, alekri, ou ta renmen jwenn yon lòt metòd pou w resevwa yon fòmilè rezime pèman pou enfòmasyon ki sansib yo pa tonbe nan move men. Ou ka mande pou yo voye rezime pèman an nan yon lòt adrès oswa jwenn aksè ak li an liy. Konpayi asirans maladi yo pa gen dwa konfime oswa mande ou poukisa ou santi ou ka an danje. Yo pa kapab espesifye oswa dekri nonplis sèvis swen sante sansib sou fòm rezime pèman kouran yo, tankou sa ki gen rapò ak maladi enfeksyon bay yo, sante repwodiktif ak vyolans seksyèl domestik, agresyon seksyèl, sante mantal, ak twoub toksikomani lakoz. Ou ka itilize enfòmasyon sa yo pou asire sekirite w lè w ap resevwa yon tretman sante mantal oswa swen ki gen rapò ak swen pou idantite seksyèl.

35 "An Act to Protect Access to Confidential Health care," Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 63, 30 Mas 2018, <https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2018/Chapter63>.

KONPRANN OPSYON PÈMAN W YO

Menmsi Gid Resous sa a priyorize moun k ap bay swen sante mantal ki bay sèvis gratis oswa a pri ki ba, li enpòtan pou w konprann tout opsyon pèman ak asirans ak responsablite ou genyen.

Si gen asirans maladi ki disponib, li ka kouvri depans pou swen yo oswa pou sèvis yo. Verifye ak konpayi asirans maladi w la pou asire w si plan sante w la ap kouvri alafwa sèvis la ak moun k ap ba w swen an (yon terape, pa egzant). Si randevou a ap fèt atravè telesante, asire w ou mande tou si plan asirans maladi w la pèmèt ou wè yon moun ki bay swen sante anliy.

Konsèy: Si w vle wè yon moun ki bay swen sante mantal ki pa pran asirans ou a (epi w bezwen peye pou vizit la san plan asirans maladi w la pa bay kontribisyon l), mande founisè swen sante mantal la ki opsyon pèman “a echèl mobil” ki ta ka pèmèt ou peye pi ba pri pou vizit ou yo.

Si w pa ka gen aksè ak swen sa yo akòz pri yo, gen plizyè opsyon pou w resevwa yon èd finansye:

- Kèk nan moun k ap bay swen sante nan Gid sa a ofri **asistans finansye** pou jèn LGBTQ2IA+ oswa moun ki pa gen asirans ki pa kapab peye pou swen yo. Pa egzant, **Nimewo Asistans** pou Trans Massachusetts (paj 86), Lopital pou Timoun nan Boston (paj 70-71), **Sant Medikal Boston** (paj 72-73), ak lòt moun ki ofri èd finansye pou moun ki bezwen sa pou resevwa sèvis yo.
- Gen lòt òganizasyon ki bay **asistans asirans maladi**, sa ki vle di òganizasyon an ap ede chèche opsyon asirans maladi ki pa koute chè. Òganizasyon ki bay asistans asirans maladi yo gen ladan yo: BAGLY (paj 54-55), Alyans Sante Cambridge (paj 45-46 ak 67), Sant Sante Kominotè Edward M. Kennedy (paj 74), Sant Sante Sidney Borum Jr. nan Sant Sante Kominotè Fenway (paj 56-57), ak Sant Sante Kominotè Lowell (paj 43-44).
- MassHealth kouvri swen sante ki gen rapò ak idantite seksyèl, ki gen ladan l (men ki pa limite ak sa sèlman) swen sante mantal (ki gen ladan terapi pèsònèl oswa an gwoup ak terapi famiyal), raze, terapi lapawòl, medikaman pou bloke pibète, terapi òmònal, swen primè, ak operasyon.³⁶

Anvan ou resevwa nenpòt swen, anvizaje mande yon estimasyon pri pou ou ka evite fakti ou pa t prevwa.³⁷ Ou ka mande yon “Estimasyon Bòn Fwa” nan men yon founisè swen sante ki ap eksplike pri total sèvis swen sante mantal oswa medikal yo espere yo, ki gen ladan yo tès, preskripsyon, ekipman, ak frè. Asire w ou resevwa yon kopi Estimasyon Bòn Fwa a alekri depi anvan randevou w la. Si w resevwa yon

36 “Gender-Affirming Care Covered by MassHealth.” MassHealth kouvri swen pou Idantite Seksyèl. https://www.mass.gov/info-details/gender-affirming-care-covered-by-masshealth?auHash=ZvHotzEao5L14V4DgAf_s8MxW2T9LwYWWZLLZaj0crE.

37 “Understanding Costs in Advance,” Centers for Medicare ak Medicaid Services, dènye modifikasyon, 12 avril 2022, <https://www.cms.gov/nosurprises/consumers/understanding-costs-in-advance>.

fakti ki gen \$400 anplis Estimasyon Bòn Fwa ou a, ou ka kontakte founisè swen sante w la pou konteste fakti a.³⁸

LÈ OU KA BEZWEN YON OTORIZASYON ALAVANS

Gen kèk kalite swen ki gen rapò ak idantite seksyèl ki ka mande otorizasyon alavans nan men yon lòt moun k ap bay swen. Yo te make non tout founisè ki ka ekri yon lèt ki pou pèmèt ou resevwa swen nan tout Gid Resous la.

KISA POU M FÈ SI YO ANPECHE M GEN AKSÈ AK YON TRETMAN OSWA AK SÈVIS YO AKOZ IDANTITE M?

Defansè Dwa Sante (Health Law Advocates, HLA) bay rezidan ki elijib pou revni nan Massachusetts yo ki gen difikilte pou jwenn swen sante oswa kouvèti asirans maladi pou sèvis medikal oswa sante mantal yo bezwen yo bon kalite asistans jiridik gratis. HLA kapab reprezante moun yo legalman epi li gen pwogram espesyalize pou moun yo majinalize nan sistèm sante a paske yo pa gen gwo revni, yo se imigran, yo trans-jan, yo andikape, yo ap lite ak pwoblèm ki gen rapò ak toksikomani, oswa ki gen risk nan yon fason oubyen yon lòt.

HLA espesyalize l nan konteste refi enskripsyon asirans maladi, nan goumen kont refi kouvèti pou sèvis swen sante espesifik, nan pwoteje pasyan yo kont pratik fakti medikal ak rekouvremant ilegal, epi nan jwenn aksè pou swen sante atravè ajans leta ak sistèm eskolè a, espesyalman pou timoun yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite <https://www.healthlawadvocates.org/>.

38 "Ending Surprise Medical Bills," Centers for Medicare & Medicaid Services, dènye modifikasyon, 6 septèmber, 2022, <https://www.cms.gov/nosurprises>.

Resous Anplis

Anba a ou ka jwenn enfòmasyon jeneral sou byennèt mantal, idantite jan, ak oryantasyon seksyèl, ansanm ak resous pou soukominote LGBTQ2IA+ yo. Lis Resous sa yo nan lòd alfabetik.

Alyans Mizilman pou Divèsite Seksyèl ak Sèks

(Muslim Alliance for Sexual and Gender Diversity, MASGD)

